# Адыгэ макъ

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет

№ 85 (19850) МЭФЭКУ, ЖЪОНЫГЪУАКIЭМ и 5, 2011-рэ илъэс Осэ гъэнэфагъэ иIэп

## Урысые Федерацием и Президент и Указ

### Урысые Федерацием икъэралыгъо наградэхэр афэгъэшъошэгъэнхэм ехьылIагъ

Энергетикэм ихэхъоныгъэ иIахьышхо зэрэхишIыхьагъэм, IофшIэнымкIэ гъэхъэгъэ инэу ышIыгъэхэм ыкIи илъэсыбэ хъугъэу гуетыныгъэ фыриIэу Iоф зэришIэрэм апае щытхъуцIэу **«Урысые Федерацием изаслуженнэ энергетик»** зыфиIорэр **Куземин Виктор Василий ыкъом** — Адыгэ электрическэ сетьхэм — Пшызэ шъолъыр энергетикэмкIэ ыкIи электрификациемкIэ изэIухыгъэ акционер обществэ икъутамэ ипащэ фэгъэшъошэгъэнэу.

***Урысые Федерацием и Президентэу Дмитрий МЕДВЕДЕВ***

Москва, Кремль
мэлылъфэгъум и 22-рэ, 2011-рэ илъэс
N 497

*Сурэтыр А. Гусевым тырихыгъ.*



**УФ-м и Премьер-министрэу Владимир Путиным къалэу Пензэ щызэхищэгъэгъэ видеоконференцием культурэм епхыгъэ объектхэм яшIын ыкIи ягъэцэкIэжьын, кинофильмэхэр кинотеатрэхэм къазэращагъэлъагъорэм зегъэушъомбгъугъэным афэгъэхьыгъагъ. Видеоконференцием хэлэжьагъ АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан.**



# Къэлэ шъхьаIэм щырагъэжьагъ

Урысыем щыпсэурэ пстэуми культурэм ылъэныкъокIэ зэфэдэу амалышIухэр яIэу шIыгъэным мэхьэнэ ин зэриIэр Владимир Путиным къыхигъэщыгъ. Практикэм къызэригъэлъагъорэмкIэ, къэлэ цIыкIухэм ащыпсэухэрэм кинофильмэхэм кинотеатрэхэм ащеплъынхэ амал икъоу яIэп. А щыкIагъэр дэгъэзыжьыгъэным фэшI илъэситIум къыкIоцI пстэумкIи мультимедийнэ гупчэ 250-рэ Урысыем щагъэуцунэу рахъухьагъ. 200-р къэлэ цIыкIухэр ары зыщашIыщтхэр. Мыекъуапэ ахэм зэу ащыщ.

Мыекъопэ къэлэ паркым дэтыгъэ кинотеатрэу лъэхъанэ горэм гъэмафэрэ къызэIуахыщтыгъэр зыдэщытым киногупчэ щагъэуцунэу джырэблагъэ рагъэжьагъ. АР-м и ЛIышъхьэ ащ псэолъэшIынхэр зэрэщыкIохэрэм УФ-м и Правительствэ ипащэ щигъэгъозагъ. ПстэумкIи инвестициеу сомэ миллиони 180-рэ ащ халъхьащт, лъэхъаным диштэрэ технологиякIэхэм адиштэу гъэпсыгъэщт, ащ фэд оборудованиеу чIагъэуцощтыри. ТхьакIущынэ Аслъан къызэриIуагъэмкIэ, подрядчикым унэ лъапсэм ишIын ригъэжьагъ, къихьащт илъэсым икъихьагъум нэс пIалъэу къафагъэуцугъэм блэмыкIэу культурэм и Унэшхоу квадратнэ метрэ мини 5 хъоу, тIысыпIэ 620-м телъытагъэр агъэуцунэу мэгугъэх.

— Адыгеим ащ фэдэ псэуалъэ щыгъэуцугъэнэу къызэрэхахыгъэм фэшI УФ-м и Правительстви, Владимир Путиными, проектым кIэщакIо фэхъугъэ партиеу «Единэ Россиеми» тафэраз. ИлъэскIэ узэкIэIэбэжьымэ проектыр гъэцэкIагъэ зэрэхъущтым фэгъэхьыгъэ зэзэгъыныгъэм Шъачэ тыщызэдыкIэтхэгъагъ. Игъом ыкIи щыкIэгъэнчъэу апэрэ мультимедийнэ гупчэр Урысыем щыдгъэуцунэу пшъэрылъ тиIэшъ, Адыгеим ар ыгъэцэкIэщт, — къыIуагъ ТхьакIущынэ Аслъан.

Джащ фэдэу проектым игъэцэкIэн ищыкIэгъэ тхылъ пстэури игъом хьазыр зэрэхъугъэр ащ къыхигъэщыгъ.

Владимир Путиным объектым ишIынкIэ пшъэрылъэу къафагъэуцугъэхэр игъом ыкIи икъоу зэрагъэцэкIагъэм фэшI къазэрафэразэр ТхьакIущынэ Аслъан къыриIуагъ, проектым игъэцэкIэнкIэ ягухэлъхэр къадэхъунхэу къафэлъэIуагъ. Регион пэпчъ Мыекъуапэ щашIырэ гупчэм фэдэхэр ащагъэуцунхэр игъо дэдэу зэрэщытым видеоконференцием хэлэжьэрэ пстэуми джыри зэ анаIэ тыраригъэдзэжьыгъ.

**АР-м и ЛIышъхьэ ипресс-къулыкъу**

## Адыгеим кIэлэцIыкIухэм языгъэпсэфын анаIэ нахь щытырагъэтыщт

Урысые Федерацием и Президентэу Дмитрий Медведевым Урысыем исубъект заулэмэ япащэхэм адыриIэгъэ зэIукIэм кIэлэцIыкIухэм япсаунцгъэ игъэпытэн епхыгъэ гъэпсэфыгъо уахътэр зэхэщагъэ зэрэхъущтым лъэныкъо пстэумкIи щытегущыIагъэх. Краснодар краим и ПсышIопэ район ит кIэлэцIыкIу санаториеу Н. А. Семашко ыцIэкIэ щытым жъоныгъуакIэм и 3-м Iофтхьабзэр щырекIокIыгъ. Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан зэIукIэм иIофшIэн хэлэжьагъ.

Урысыем и Президент зэрэхигъэунэфыкIыгъэмкIэ, кIэлэцIыкIухэм япсаунцгъэ зыщагъэпытэщт лагерьхэу хэгъэгум итхэм зы шапхъэхэм атетэу — лъэгэпIэ иным диштэу — яIофшIэн зэхэщэгъэн фае. Пстэуми апэу ар зыфэгъэхьыгъэр санитарием ишапхъэхэмрэ кIэлэцIыкIухэр зызщагъэпсэфыщт чIыпIэхэм гупсэфэу анагъэсынхэмрэ ядэжь кIожьынхэмрэ ары.

— Шапхъэхэу зигугъу тшIыхэрэр кIэлэцIыкIухэмкIэ щынэгъончъэу ыкIи гупсэфэу щытынхэ фае, ахэр умыгъэцэкIэшъунхэу щытэп. А шапхъэхэм, Iо хэлъэп, ренэу алъыплъэнхэ фае. Шапхъэхэр зыукъохэрэм пшъэдэкIыжь ягъэхьыгъэн фае, — хигъэунэфыкIыгъ Дмитрий Медведевым.

Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан журналистхэм адыриIэгъэ зэдэгущыIэгъум зэрэщыхигъэунэфыкIыгъэмкIэ, мы аужырэ лъэхъаным демографием ылъэныкъокIэ республикэм зэхъокIыныгъэшIухэр фэхъугъэх. НепэкIэ Адыгеим кIэлэцIыкIу ыкIи Iэтэхъо мин 80-м ехъу щэпсэу. Гъэмэфэ зыгъэпсэфыгъом изэхэщэн ахъщэу пэIуагъахьэрэми хэхъуагъ, аужырэ илъэсиплIым фэдитIу хьазыркIэ ар нахьыбэ хъугъэ ыкIи сомэ миллиони 163-м нэсыгъ. Гъэмэфэ лъэхъаным къыкIоцI, гурытымкIэ къэпIон хъумэ, санаториехэмрэ лагерьхэмрэ кIэлэцIыкIу мин 20-м ехъумэ защагъэпсэфы. КIэлэцIыкIу санатории 2, спортым фытегъэпсыхьэгъэ лагери 2, къэлэ кIыбым щыIэ лагери 7, гъэсэныгъэ зыщарагъэгъотырэ муниципальнэ учреждениехэм атегъэпсыхьагъэу мафэрэ кIэлэцIыкIухэр зыдэщыIэхэрэ лагерь 90-рэ республикэм ит.

— КIэлэцIыкIухэмрэ Iэтахъохэмрэ зызщагъэпсэфырэ учреждениехэу непэкIэ тиIэхэр къэдгъэнэжьыщтых, нэмыкI лъэныкъохэм ахэр афытырагъэпсыхьанхэр афэтыдэщтэп. Анахьэу етIани Адыгеим анаIэ зыщытырагъэтырэ кIэлэцIыкIухэр щынэгъончъэу зызщагъэпсэфыщт чIыпIэхэм анэгъэсыгъэнхэр ары. КIэлэцIыкIухэм языгъэпсэфын епхыгъэ фэIо-фашIэхэр зыгъэцэкIэщтхэр къыхэтхынхэ зыхъукIэ, анахьэу тынаIэ зытедгъэтыщтыр кIэлэцIыкIухэр тхьамыкIагъохэм ащыухъумагъэ хъунхэр къыдэзылъытэрэ страхованиемкIэ зэзэгъыныгъэхэр адашIыгъэхэу ахэр щытынхэр ары, — хигъэунэфыкIыгъ ТхьакIущынэ Аслъан.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ ипресс-къулыкъу**



### *Гъатхэмрэ IофшIэнымрэ я Маф*

## МэфэкI дахэу тиIагъ, тапэкIи тиIэщт

**Гъатхэмрэ IофшIэнымрэ я Мафэ Адыгэ Республикэм игъэкIотыгъэу щагъэмэфэкIыгъ. Къалэхэмрэ къуаджэхэмрэ мэфэкIым ехъулIэу зэтырагъэпсыхьагъэх. Зэхахьэхэр, спорт зэнэкъокъухэр гъэшIэгъонэу ащызэхащагъэх. Адыгеим икъэлэ шъхьаIэу Мыекъуапэ жъоныгъуакIэм и 1-м демонстрациеу щыкIуагъэм республикэм иIэшъхьэтетхэр, IофшIапIэхэмрэ еджапIэхэмрэ ялIыкIохэр, культурэм щылажьэхэрэр, спортсменхэр хэлэжьагъэх.**

*(ИкIэух я 2-рэ н. ит).*

# ЛIышъхьэр Красногвардейскэ районым щыIагъ



**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан муниципальнэ образованиеу «Красногвардейскэ районым» тыгъуасэ щыIагъ. Ащ игъусагъэх АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Муратрэ АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Тхьаматэу Федор Федоркорэ. Гъэсэныгъэм иучреждениехэу районым щашIыхэрэм ыкIи гъэцэкIэжьын Iофхэм язытет, пшъэрылъхэр зэшIохыгъэ зэрэхъухэрэм пащэхэм защагъэгъозагъ.**

Апэрэ псэуалъэу ТхьакIущынэ Аслъан къызэкIолIагъэр селоу Красногвардейскэм щагъэпсырэ гурыт еджапIэр ары. Джырэ уахътэм ехъулIэу еджапIэм ишIын сомэ миллиони 140-рэ пэIуагъэхьагъ, ухыжьыгъэным пае джыри сомэ миллион 73-рэ ищыкIагъ. Анахь шъхьаIэу къыхэбгъэщын фаер мылъкур федеральнэ ыкIи республикэ бюджетхэм мыгужъоу къызэратIупщырэр ары.

ПсэолъэшIхэм къызэраIуагъэмкIэ, кIэлэеджэкIо нэбгырэ 825-мэ атегъэпсыхьэгъэ еджапIэм класс 33-рэ хэтыщт, гимнастическэ залыр, спортплощадкэр, шхапIэр, нэмыкIхэри ащ къыдыхэлъытэгъэщтых, аужырэ шапхъэхэм адиштэу зэтырагъэпсыхьащт.

Красногвардейскэ районым иадминистрацие ипащэу Тхьэлъэнэ Вячеслав къызэриIуагъэмкIэ, гурыт еджапIэр зэухыкIэ, кIэлэеджакIохэр зыщеджэхэрэ гимназиеу N 1-р 2012-рэ илъэсым къаунэкIыщт, нэужым ащ гъэцэкIэжьынхэр рашIылIэнхэшъ, нэбгырэ 200-м телъытэгъэ кIэлэцIыкIу IыгъыпIэу къызэIуахыжьыщт. Джырэ лъэхъаным районымкIэ чэзыум хэтыр сабый шъитф фэдиз мэхъу.

КIэлэцIыкIу IыгъыпIэхэм япчъагъэ нахьыбэ шIыгъэныр пшъэрылъ шъхьаIэхэм ащыщэу зэрэщытыр, районым ипащэхэм къатефэрэр тэрэзэу загъэцакIэкIэ, а гумэкIыгъор дагъэзыжьынэу амал зэряIэщтыр ЛIышъхьэм къыхигъэщыгъэх.

ПэшIорыгъэшъэу зэрагъэнэфагъэмкIэ, гурыт еджапIэм ишIын мы илъэсым аухыщт.

Нэужым ТхьакIущынэ Аслъан къуаджэу Хьатикъуае щашIынэу рагъэжьэгъэ гурыт еджапIэу N 2-м къекIолIагъ. Гъэсэныгъэм иучреждение зышIырэр ООО-у «Стройсервис — Динара» зыфиIорэр ары. ЗэрагъэнэфагъэмкIэ, кIэлэеджэкIо 500 фэдиз мыщ чIэфэщт, еджапIэ корпусым имызакъоу, непэрэ шапхъэхэм адиштэрэ шхапIэр, спортзалыр, нэмыкI псэуалъэхэри къыдыхалъытэщтых.

КъоджэдэсхэмкъызэраIуагъэмкIэ, еджэпIэжьым джыдэдэм кIэлэеджэкIо 400-м ехъу чIэс, ахэр сменитIоу еджэх. Зы корпусыр санитарнэ шапхъэхэм адиштэрэп.

— 2002-рэ илъэсым псыр къызеум Хьатикъуае дэт гурыт еджапIэм иегъэшхо ригъэкIыгъ, — къыIуагъ ТхьакIущынэ Аслъан. — Ащ къыхэкIыкIэ мыщ еджапIэ щыдгъэпсынэу пшъэрылъ зыфэдгъэуцужьыгъ. Итхъухьагъэр зэшIотхыным пае УФ-м регинальнэ хэхъоныгъэмкIэ иминистрэу Виктор Басаргиным лъэIукIэ зыфэдгъэзагъ ыкIи ащ къыддыригъэштагъ. ЕджапIэм ишIын пэIухьанэу илъэсэу тызыхэтым федеральнэ гупчэм сомэ миллион 85-рэ, республикэ бюджетым сомэ миллион 38-рэ къатIупщыгъ. Ахэр зищыкIагъэм пэIуагъэхьагъ, планэу дгъэнэфагъэм диштэу IофшIэнхэр лъэкIуатэх, 2011-рэ илъэсым ыкIэхэм адэжь объектыр хьазыр хъущт.

Республикэм и ЛIышъхьэ мы мафэм зыдэщыIэгъэ чIыпIэхэм ащыщ зэфэшIыгъэ шIыкIэм тет Мыекъопэ хэушъхьэфыкIыгъэ училищэу Ново-Севастопольскэм ахьыжьыгъэр. Мы учреждением гъэцэкIэжьынхэр зэрэщылъыкIуатэхэрэм, егъэджэныр зэрэщызэхащэрэм ТхьакIущынэ Аслъан защигъэгъозагъ. Мыекъуапэ дэтыгъэ училищыр зигугъу къэтшIыгъэ селом зэхьыжьыгъэр илъэсэу тызыхэтым игъэтхэпэ маз ары (ыцIэ къэнэжьыгъ). Непэ мыщ нэбгырэ 34-рэ чIэс, зэкIэмкIи кIэлэцIыкIу нэбгыри 170-рэ фэдиз аштэн алъэкIыщт.

Училищыр зэрэзэтырагъэпсыхьэрэм, нэмыкI лъэныкъохэмкIи ылъэгъугъэм зэригъэрэзагъэр ТхьакIущынэ Аслъан къыIуагъ. ПсэолъэшI IофшIэнэу къэнагъэхэр охътэ кIэкIым къыкIоцI зэшIуахыныр ыкIи щагу кIоцIыр гъэкIэрэкIэгъэныр пшъэрылъ шъхьаIэу къыгъэуцугъэх.

Селоу Красногвардейскэм дэт кIэлэцIыкIу IыгъыпIэу «Чайка» зыфиIорэмрэ унагъом ыкIи сабыйхэм социальнэ IэпыIэгъу ягъэгъотыгъэнымкIэ Гупчэмрэ ЛIышъхьэр ащыIагъ. КIэлэцIыкIухэм ягъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо уахътэ зэрэзэхащэщтым, ахэм яфэIо-фашIэхэр тэрэзэу зэшIохыгъэнхэмкIэ шIэгъэн фаехэм, нэмыкI лъэныкъохэми зэIукIэгъоу щыIагъэхэм ащатегущыIагъэх.

Мэкъумэщ оптовэ бэдзэршIыпIэу районым щырагъэжьагъэм ТхьакIущынэ Аслъан мы мафэ дэдэм щыIагъ. Унэе хъызмэтшIапIэхэм заушъомбгъунымкIэ, IофшIэпIэ чIыпIакIэхэр къызэIухыгъэнхэмкIэ, гъомылапхъэхэм ауасэ къегъэIыхыгъэнымкIэ ыкIи чIыпIэ бюджетым къихьэрэ ахъщэр нахьыбэ шIыгъэнхэмкIэ мыщ фэдэ объектхэм ягъэпсын мэхьанэшхо зэриIэр ЛIышъхьэм къыхигъэщыгъ. Республикэм социальнэ-экономикэ хэхъоныгъэхэр ышIыхэзэ ыпэкIэ лъыкIотэным тапэкIи яшъыпкъэу Iоф зэрэдашIэщтыр, ащкIэ пшъэрылъхэр зэшIохыгъэ зэрэхъущтхэр пытагъэ хэлъэу къыIуагъ.

**ТХЬАРКЪОХЪО Адам.**

*Сурэтхэр А. Гусевым тырихыгъэх.*



## Гъатхэмрэ IофшIэнымрэ я Маф

# МэфэкI дахэу тиIагъ, тапэкIи тиIэщт

*(Апэрэ нэкIуб. къыщежьэ).*

Мыекъуапэ иурам шъхьаIэу Краснооктябрьскэм демонстрацием хэтхэр къырыкIуагъэх Урысыемрэ Адыгэ Республикэмрэ якъэралыгъо быракъхэр агъэбыбатэхэзэ, апэ итхэр нэгушIохэу тлъэгъугъэх. Оркестрэм мэфэкI орэдышъор егъэжьынчы. Урысые Федерациемрэ Адыгэ Республикэмрэ якъэралыгъо быракъхэр убгъугъэхэу урам шъхьаIэм ныбжьыкIэхэм къыщахьых.

Демонстрацием хэтхэр зыгъэпсэфыпIэ паркым къыдахьэхи, псыдэфые зэтегъэпсыхьагъэм хьураеу къеуцокIыгъэх. ТиIэшъхьэтетхэм ахэтэлъагъох Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан, АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат, АР-м и Парламент и Тхьаматэу Федор Федорко, партиеу «Единэ Россием» и Адыгэ шъолъыр къутамэ иполитсовет и Секретарэу Iэщэ Мухьамэд, Мыекъуапэ иадминистрацие ипащэу Михаил Черниченкэр, Парламентымрэ Правительствэмрэ якъулыкъушIэхэр, профсоюз IофышIэхэр.

Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан мэфэкI зэхахьэм хэлажьэрэмэ къафэгушIуагъ. Мэкъу-мэщым, промышленностым, нэмыкIхэм Iоф ащызышIэрэмэ хэхъоныгъэхэр яIэу мэфэкI мафэм къызэрекIолIагъэхэр игущыIэ къыщыхигъэщыгъ. ЦIыфмэ ящыIэкIэ-псэукIэ нахьышIу шIыгъэным тиреспубликэ зэрэщыпылъхэр, Урысые хэгъэгушхоу республикэр зыхэтым гъэхъагъэхэр зэришIыхэрэр къыIуагъ.

Партиеу «Единэ Россием» и Адыгэ шъолъыр къутамэ иполитсовет и Секретарэу Iэщэ Мухьамэд мэфэкIым хэлажьэрэмэ къафэгушIуагъ. Адыгеим ипрофсоюзхэм я Федерацие итхьаматэу Устэ Руслъан зэхахьэм къыщиIуагъ жъоныгъуакIэм и 1-р мэфэкIышхоу СССР хэгъэгоу щыIагъэм зэрэщыхагъэунэфыкIыщтыгъэр, джырэ лъэхъани мэхьэнэ ин зэрэратырэр, цIыфым ифитыныгъэхэр къэухъумэгъэнхэм, IофшIэгъу мафэр сыхьати 8-м къезыгъэхъу зышIоигъомэ профсоюзхэр зэрапэшIуекIохэрэр, экономикэм зыкъегъэIэтыгъэныр пшъэрылъ шъхьаIэу УФ-м иIэшъхьэтетхэм зэряIэр. ЦIыфмэ ялэжьапкIэ хэгъэхъогъэныр, социальнэ Iофыгъохэр нахьышIоу шIыгъэнхэр профсоюзхэр зыгъэгумэкIырэмэ ащыщыгъэх, тапэкIи ащ ыгъэгумэкIыщтых.

Гъатхэм мэфэкIыр къегъэдахэ, къегъэкIэракIэ. Ащ къыпкъырыкIыхэзэ, культурэм иIофышIэхэм концертэу къалэ паркым щызэхащагъэм къыщышъуагъэх, щыуджыгъэх, адыгабзэкIи урысыбзэкIи орэдхэр къыщаIуагъэх. Адыгэ лъэпкъ шъуашэхэр ащыгъэу ансамблэу «Ащэмэзым» хэт ныбжьыкIэхэр пчэгум къихьэхи ижъырэ адыгэ орэдхэр къаIуагъэх.

Мыекъуапэ культурэмкIэ и Унэ ыпашъхьэ щыкIогъэ концертыри гъэшIэгъоныгъэ. Къалэм культурэмкIэ и Унэ иансамблэ Урысыемрэ Адыгеимрэ якомпозитормэ аусыгъэ орэдхэр, урыс лъэпкъ орэдхэр къаIуагъэх. МэфэкI мафэхэм зыгъэпсэфыпIэ паркым кIэлэцIыкIухэмрэ ныбжьыкIэхэмрэ яуахътэ гъэшIэгъонэу щагъэкIуагъ, джэгупIэхэм ащыжъотыгъ.

Тыркуем, Иорданием, Сирием, нэмыкI хэгъэгумэ къарыкIыгъэ тилъэпкъэгъухэм мэфэкI мафэхэм таIукIагъ. Хъуажъ Рэдуан Сирием щэпсэу, Адыгеим апэрэп къызэрэкIуагъэр. МэфэкIым инэIуасэхэр щилъэгъугъэх, тиорэдыIомэ игуапэу ядэIугъ.

Москва, Санкт-Петербург, Астрахань, нэмыкI къалэмэ якIэлэеджакIохэри тимэфэкI зэхахьэмэ ахэлэжьагъэх. Алъэгъугъэр, зэхахыгъэр илъэсыбэрэ гукъэкIыжьышIоу яIэщтых.

Политикэ гъэпсыкIэу хэгъэгум щызэрахьэрэм зэхъокIыныгъэхэр фэхъухэми, гъатхэмрэ IофшIэнымрэ я Мафэ тарихъ мэхьанэу иIэр къеIыхырэп, дунаим игъэкIотыгъэу щыхагъэунэфыкIы.

**ЕМТIЫЛЪ Нурбый.**

# Чэфэу хагъэунэфыкIыгъ

Адыгэкъалэ жьыкIаеу тынэсыгъ. Ащ иурам шъхьаIэу Ленинным ыцIэ зыхьырэр къэбзэ-лъабз. Лъэпкъ культурэм и Гупчэу тызыIухьагъэм адыгэ орэд мэкъамэхэр щэжъынчых. Ащ ичIэхьэгъу дэжь Iофтхьабзэхэу мафэм щыIэщтхэм, ахэр зыщырагъэжьэщтхэм нэIуасэ уафэзышIырэр пылъагъ.

Сыхьатыр 12-м мэфэкI концерт къатыщт лъэпкъ культурэмкIэ Гупчэм икIэлэцIыкIу творческэ коллективхэмрэ искусствэхэмкIэ кIэлэцIыкIу еджапIэм чIэсхэмрэ. Ащ ыуж сыхьатыр 19-м щыIагъ гала-концертэу «Цвети, Первомай» зыфиIорэр. МэфэкI зэхахьэр лъигъэкIотагъ ныбжьыкIэхэм ядискотекэ.

Къалэм имэрэу Хьатэгъу Налбый гущыIэгъу тыфэхъугъ, народнэ депутатхэм якъэлэ Совет итхьаматэу Отэхь Рэщыди тыIукIагъ, мэфэкIышхомкIэ такъыфэгушIуи, Теуцожь районым къэдгъэзэжьыгъ.

Сыдигъуи зэряшэнэу мыщ шыгъэчъэшхо щыIэнэу щытыгъ. Къагъэчъэщтхэу шы 20 фэдизи агъэхьазырыгъэхагъ. Ау ыпэрэ мафэхэм къещхыгъэ ощхым илъэс къэс шыхэр къызщагъэчъэхэрэ чIыпIэм псыр ригъэуцуагъэти, ар щыIагъэп.

Ауми мэфэкI планым къыдилъытэщтыгъэ Iофтхьабзэхэр зэкIэ гъэшIэгъонэу кIуагъэх, къоджэ гъунэгъухэм къарыкIыгъэ цIыфыбэмэ зарарагъэгъэпсэфыгъ, агъэчэфыгъэх.

Апэу тызIухьагъэр шыгъачъэр зыдэщыIэ хабзэу щыт чIыпIэр ары. А мафэм шыхэр къамыгъэчъагъэхэми, тэлъэгъу трибунэри, концерт къэтыпIэри зэрэгъэкIэрэкIагъэхэр. Электрэпкъэухэм быракъэу апышIагъэхэр жьыбгъэ макIэм егъэIушъашъэх. Гъогур зэпызгъэIырэ лозунгышхом «Май мэфэкIымкIэ тышъуфэгушIо» зыфиIорэр зэрэтетхагъэри тэлъэгъу.

Мы чIыпIэм къыпэIут стадионым цIыфыбэ къекIолIагъ. Ахэр футболыр зикIасэхэр арых. Районым испорткомитет итхьаматэу Хьабэхъу Адам къызэрэтиIуагъэмкIэ, зэнэкъокъум командиплI хэлэжьагъ. Финалым щызэIукIагъэхэр Гъобэкъуаерэ Аскъэлаерэ къарыкIыгъэ кIалэхэр арых. ТекIоныгъэр къыдэзыхыгъэхэр гъобэкъуаехэр арых, сомэ мини 4,5-мрэ кубокымрэ ахэм аратыгъ, аскъэлаехэр ятIонэрэ хъугъэх.

Ащ ыуж мэфэкIыр зыщыкIуагъэр къоджэ гупчэр ары. Ащ цIыфыбэ ит, щапIэхэр хъоеу щызэготых, шашлыкыр щагъажъэ. Iэнэ шыгъэхэм зэныбджэгъухэр акIэлъырысых. Адыгэ орэдхэр мэжъынчых, цIыфхэр мэчэфых.

Мыщ тащыIокIэ район администрацием ипащэ ипшъэрылъхэр зыгъэцэкIэрэ Хьачмамыкъо Азмэтрэ ащ игуадзэу Бэгъушъэ Борисэрэ, милицием иIофышIэхэу полковникэу Хъут Аскэр, майорэу Шэуджэн Аслъан, Пэнэжьыкъое, Джэджэхьэблэ, Аскъэлэе чIыпIэ псэупIэхэм япащэхэу ЯхъулIэ Пщымафэ, Уджыхъу Алый, Хьаджэлдые Рэмэзанэ, нэмыкIхэми.

Районым культурэмкIэ игъэIорышIапIэ ипащэ игуадзэу Теуцожь Марыет къытфеIуатэ Май мэфэкIым фэгъэхьыгъэ культурнэ Iофтхьабзэхэр зэрэзэхащагъэхэр. Ахэм ахэлэжьагъэх районым ианахь художественнэ коллектив дэгъухэр. Къунчыкъохьаблэ ипшъэшъэжъые къэшъокIо цIыкIухэм дахэу зыкъашIыгъ, уагъэхьын щыIэп, лъэшэу Iэгу афытеуагъэх. Нэшъукъуаий къэшъокIо коллектив къикIыгъ. Аскъэлэе къэшъуакIохэри шIыкIашIох. Гъобэкъуае къикIыгъэхэм ислъамыер дахэу къашIыгъ.

Пэнэжьыкъуаерэ Гъобэкъуаерэ яорэдыIо ансамблэхэу «Сэтэнаемрэ» «Лащынэрэ» Iэгу бэрэ афытеуагъэх. ОрэдыIо ныбжьыкIэхэу ЛъэпцIэрышэ Исмахьилэ (Къунчыкъохьабл), Бэрзэдж Адам (Тэуехьабл), Надежда Константиновам (Лъэустэнхьабл) уядэIугъэ зэпытми уязэщырэп. Джары сыхьатитIум ехъу зыкъудыигъэ концертыр залым чIэзэрэмыгъафэу чIэсыгъэ цIыфхэм псынкIэу кIуагъэу къызкIашIошIыгъэр.

Май мэфэкI концертыр къагъэкIэрэкIагъ зэлъашIэрэ орэдыIохэм ащыщхэу Джамиля Мирзоевам, Еутых Вячеслав ыкIи Къайтмэс Руслъан.

Спортым илъэпкъ зэфэшъхьафхэмкIи зэнэкъокъоу щыIагъэхэм цIыфыбэ ахэлэжьагъ. КIапсэр зэпэкъудыигъэнымкIэ апэрэ чIыпIэр зыхьыгъэхэр Пэнэжьыкъуае инахьыжъхэр арых, ащ иныбжьыкIэхэр ятIонэрэ, гъобэкъуаехэр ящэнэрэ хъугъэх. Iэпшъэ зэбэнынымкIэ атекIуагъэр Джэндэрэ Анзор (Пэнэжьыкъуай). А чылэм щыщ Хьачмамыкъо Тимур ятIонэрэ чIыпIэр, Пщыкъуйхьаблэ къикIыгъэ Шъоджэ Махьмудэ ящэнэрэ чIыпIэр къафагъэшъошагъ. Гирыр зэпэзыдзыгъэхэм Бэгъушъэ Хьазрэт (Аскъэлай) атекIуагъ. Ащ къыкIэлъыкIуагъэх ПчыхьалIыкъуаекIэ ХъокIо Аскэр, ГъобэкъуаекIэ СтIашъу Хьазрэт. Мыжъошхори зэпадзыгъ. Апэрэ хъугъэр ПэнэжьыкъуаекIэ Джэндэрэ Анзор. ЯтIонэрэ чIыпIэр ПэнэжьыкъуаекIэ Хъут Аслъан, ящэнэрэр Уджыхъу Хьазрэт ахьыгъ.

Пчыхьэ кIахэ охъуфэ мэфэкIым ичэф-жъот макъэ район гупчэм шъхьарытыгъ.

***НЭХЭЕ Рэмэзан.***

Редакцием къатхырэ письмэхэр

## «Тимур тихьэблэ кIэлагъ»

**Ащ фэдэ шъхьэ иIэу мы мафэхэм письмэ къытIукIагъ. Къэзытхыгъэр Тэхъутэмыкъое районымкIэ къуаджэу Пэткэу (Новэ Адыгеим) щыщ, Козынэмэ янысэу Саид, Джэджэхьэблэ ЛIыбзыумэ япхъу.**

Письмэм инахьыбэр усэкIэ тхыгъэ. Ар зэхьылIагъэр Щынджые къыщыхъугъэу, щапIугъэу, ау илъэс пчъагъэ хъугъэу иунагъокIэ Пэткэу щыпсэугъэ Трэхъо Тимур ары. ИлъэскIэ узэкIэIэбэжьмэ, кIэлэ ныбжьыкIэр игъонэмысэу дунаим ехыжьыгъ. ТхьамыкIэгъошхо иунагъо къыфэкIуагъ. КIэлэ хьалэлэу, кIэлэ гупцIанэу, кIэлэ зишIугъоу джыри псэун фэягъэм ошIэдэмышIэу мыхъужьын уз къыфыкъокIи, идунай ыхъожьыгъ. Шъэожъыищ къыкIэныгъ...

— «Дэгъур Тхьэм ищыкIагъ» зэраIорэр шъыпкъэ, — къетхы Саидэ. — Тимур къуаджэу къызыдэхьагъэм щыщ шъыпкъэ хъугъагъэ. IэнэтIэшхо е гъотышхо зиIэхэм ащыщыгъэп, маршруткэм исэу Iоф ышIэщтыгъ. Ау цIыфхэм шъхьэкIафэ фашIыщтыгъ, ащ ишыхьат тIогъогогъо депутатэу къоджэ коим зэрэщыхадзыгъэр. ЕгъашIэми цIыф ыгу хигъэкIыгъэп, иунэ зыгорэм ыгъэгумэкIэу Iухьагъэр IэпыIэгъу къыфэмыхъоу къыIуигъэкIыжьыгъэп. Тэ тызэгъунэгъоу, тызэхахьэу щытыгъ. Тимур ыпашъхьэ зыгорэм узэригъэгумэкIырэр къыщыпIонэу щытыгъэп. Зыгорэм тыкIонэу е зыгорэм тыфаеу зытIокIэ, «Сыд пае зыгорэм ешъуIощт? Сэ шъусщэщтба!» ыIощтыгъ. ЦIыф хьалэл дэдагъ, тхьагъэпцIыгъэ хэлъыгъэп. Тэ тизакъоп, зэрэчыли ар афэдэгъугъ.

Сэ сянэ-сятэхэр сиIэжьхэп. Зэгорэм сятэ фэгъэхьыгъэу усэ стхыгъэти (усэхэр сэтхых), Тимур тадэжь къыдэхьагъэу, сишъхьэгъуси щысэу сакъызыфеджэм, «Саид, сэри сылIэмэ, ащ фэдэ сфэтх» ыIогъагъ. «УлIэным ушIонагъа? УщыIэзи пфэстхынба!» есIогъагъ. Сишъхьэгъуси «ЛIэныгъэр джы о къыонэсыгъа?» къыриIогъагъ. Мы мафэхэу Тимур зыщымыIэжьыр илъэс зыщыхъурэм а гущыIэхэр тиунагъокIэ бэрэ тыгу къэкIыжьых. ЛIагъэми тшIошъ хъурэп, ящагу джыдэдэм къыдэкIынышъ, цIыфхэм къахэхьащтэу къытшIошIы.

Тимур кIэлищ къыкIэныгъ. Анахьыжъэу Долэт илъэс 18 ыныбжь, Расулэ я 9-рэ классым щеджэ, Сэфэр цIыкIум ятэ зэлIэм мэзибл ыныбжьыгъ.

Тимур ихьалэлыгъэ, ицIыф гукъэбзагъэ къэзыушыхьатырэ щысабэ чылэм къыщекIокIы. Сэри зы хъугъэ-шIагъэ сыгу къэкIыжьы. Мэлылъфэгъу мазэу гъунэгъу кIэлэ сэкъатыр Пшызэ хэфэгъагъ. КIалэу псым рихьыжьагъэм емыгупшысэу Тимур лъыхэпкIагъ ыкIи къыхихыжьыгъагъ. Ышъхьэ къырыкIощтым емыгупшысэу бэп ащ фэдэу зекIощтыр, ау ар ежь лIыгъэкIэ зыфилъэгъужьыгъагъэп.

Тимур идунай зехъожьым, тихьаблэ дэсхэм язакъоп, зэрэчылэуи агу къеуагъ. Илъэс 38-рэ щэхъу зымыныбжь кIалэр щыщ шъыпкъэ зыщыхъугъэ къуаджэм дэкIыжьыгъ, цIыфхэм ахэкIыжьыгъ», — къыщеIо письмэм.

ГухэкIышху непэ лъэпкъым щыщ кIэлэ ныбжьыкIэхэр игъонэмысэу дунаим зэрехыжьыхэрэр.

***СИХЪУ Гощнагъу.***

*Шапсыгъэхэм я Адыгэ Хасэ ия VII-рэ Зэфэс*

# Тэ хы ШIуцIэ Iушъом тыричIыдэлъф лъэпкъ



Къалэу Шъачэрэ ТIопсэ районымрэ ячылэгъо 24-мэ чIыдэлъф цIыфхэу ащыпсэухэрэм ядэлегати 177-рэ зэфэсым къекIолIагъ. Форумым иIофшIэн хэлэжьагъэх Дунэе Адыгэ Хасэм, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым я Адыгэ Хасэхэр. Адыгэ Республикэм и Адыгэ Хасэ илIыкIохэр бэ хъущтыгъэх. Ахэм ащыщыгъэх АР-м культурэмкIэ иминистрэу Чэмышъо Гъазый, АР-м лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет итхьаматэу Шъхьэлэхъо Аскэр, республикэ общественнэ движениеу «Адыгэ Хасэм» ипащэу Хьэпэе Арамбый, Дунэе Адыгэ Хасэм ивице-президентэу Цурмыт Мухьдин, ДАХ-м и Совет хэтэу Бэгъушъэ Адам, Адыгэкъалэ икъэлэ Адыгэ Хасэ итхьаматэу Абыдэ Хьисэ, ахэм анэмыкI общественнэ IофышIэхэр, журналистхэр Зэфэсым шIуфэсхэр фагъэхьыгъэх Краснодар краим иадминистрацие ипащэу Александр Ткачевым, АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан, КБР-м иIэшъхьэтетэу Къаныкъо Арсен, Шъачэ имэрэу Анатолий Пахомовым.

Зэфэсым зыщытегущыIэгъэ Iофыгъохэм ащыщых хы ШIуцIэ Iушъом Iус адыгэхэм непэ язытет, хэхъоныгъэу ашIырэр, демографием изытет, адыгэ чылэхэм ясоциальнэ-экономическэ хэхъоныгъэ зыфэдэм, ныдэлъфыбзэм, культурэм, япсэупIэмэ, дунаим тет адыгэхэр нахь зэпхыгъэ шIыгъэнхэм иIоф. Мы аужырэ илъэсиплIым Адыгэ Хасэм Iофэу ышIагъэмкIэ отчетым делегатхэр едэIугъэх, общественнэ организацием и УставыкIэ аштагъ. Шъачэ щыIэщт Олимпиадэм еплъыкIэу фыряIэр къаIуагъ.

Зэфэсыр окIофэкIэ общественнэ парламентым хэтыщтхэр хадзыгъэх. Ахэр нэбгырэ 35-рэ мэхъух. ХышIуцIэIушъо Шапсыгъэм инахьыжъхэм я Совет пащэ фашIыгъ общественнэ IофышIэ чанэу Гъошъу Руслъан. Адыгэ Хасэм итхьаматэу хадзыжьыгъ КIакIыхъу Мэджыдэ.

Зэфэсым икIэух ащ къекIолIагъэхэм апашъхьэ зыкъыщигъэлъэгъуагъ народнэ ансамблэу «Шапсугия» зыфиIорэм. Орэдусэу, орэдыIо Iазэу Лъэчъэ Альбертрэ пщынаоу Гъошъу Хъалидэрэ концертыр къагъэкIэрэкIагъ.

***НЫБЭ Анзор.***



ТИЗЭДЭГУЩЫIЭГЪУХЭР

**Урысыем ыкIи тиреспубликэ ясоциальнэ-экономикэ щыIакIэ зынэсыгъэ лъэгапIэхэм яфэмэ-бжьымэ чIэтхэу Адыгеим ирайонхэри хэхъоныгъэхэр шIыгъэнхэм игъогу тетхэу ыпэкIэ лъэкIуатэх. Адыгэкъали ахэм ащыщ. Аужырэ илъэсхэм ащ ищыIакIэ зэхъокIыныгъэу фэхъугъэхэм, къиныгъоу щыIэхэр дэгъэзыжьыгъэнхэм фэшI гухэлъэу агъэнафэхэрэм, зыхадзыгъэм къыкIэлъыкIогъэ пIэлъэ кIэкIым къыдэхъугъэхэм тащигъэгъуазэ тишIоигъоу джырэблагъэ гущыIэгъу тыфэхъугъ Адыгэкъалэ ипащэу Хьатэгъу Налбый.**

# АДЫГЭКЪАЛЭ хэхъоныгъакIэхэм



**— Налбый, апэрэ упчIэу джэуап къызэптыжьы тшIоигъор Адыгэкъалэ ипащэу узыхадзым гухэлъ шъхьаIэу уиIагъэхэмрэ пIэлъэ кIэкIым къалэм ищыIакIэ хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэмкIэ къыбдэхъугъэхэмрэ ары.**

— Илъэсрэ ныкъорэ фэдиз хъугъэ Адыгэкъалэ ипащэу Iоф зысшIэрэр. Бэрэ игугъу пшIыныр дэхагъэп. Арэу щытми, къалэр зыщагъэпсыщт чIыпIэр къыхахы зэхъум хэукъоныгъэу ашIыгъагъэхэм къыздахьыгъэ къиныгъохэм непэ къызнэсыгъэм къэлэдэсхэр арехьылIэх. Илъэс 42-рэ хъугъэу ягугъу ашIы зычIэсыхэрэ унэхэм япхыгъэ къиныгъохэм. Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ сызыIокIэм ахэр къыфэсIотэгъагъэх. Къоджэ пчъагъэмэ адэсыгъэ цIыфхэр къызагъэкощыхэм унэу ашIыгъэхэр афикъущтыгъэхэп. КъялъэIухи, квадратнэ метри 100 зытефэрэм 50, шъэныкъо зытефэрэм тIокIырэ тфырэ аратыгъагъ ыужкIэ къафызэблахъужьыщтхэу аIозэ. Ау джы къызнэсыгъэм а къиныгъор дэгъэзыжьыгъэ хъугъэп. Чэзыум хэтыгъэхэу унэ къызэратыгъэхэри къызэрамытыгъэхэри тэрэзэу зэхэфыгъэнхэм ыкIи мы Iофыр зэгорэм ыкIэм нэгъэсыгъэным пае Краснодар згъакIохи, архивхэм тхылъхэр къахязгъэхыгъэх. Джы унэ пчъагъэу тищыкIэгъэщтыр зэхэтэфы. Ащ ехьылIэгъэ джэпсалъэ Республикэм и ЛIышъхьэрэ Премьер-министрэмрэ афэдгъэхьы тшIоигъоу тэгъэхьазыры. УФ-м региональнэ хэхъоныгъэхэмкIэ иминистрэу Басаргин Адыгеим къакIуи зэIукIэгъум тызырагъэблагъэм зычIэсыхэрэ унэхэм япхыгъэ къиныгъохэр къыщысIэтыгъагъэх. Министрэм джэуап къызэритыжьыгъэмкIэ, агъэкощыгъэхэ статус зэрэтимыIэм пае а Iофым утегущыIэн плъэкIынэу щытыгъэп. А къэбарыр сэри къэлэдэсхэм алъызгъэIэсыжьыгъагъ. Джы судми, прокуратурэми зафэдгъэзэн тыгу хэлъ. КъызэрэтлъытагъэмкIэ, цIыфхэм апае квадратнэ метрэ минищ хъурэ унэхэр джыри гъэпсыгъэнхэ фае. Зы квадратнэ метрэм къалэм бэдзэр уасэу щыриIэр сомэ мин 20 Iэпэцып ныIэп. Ащ укъыпкъырыкIын хъумэ, зэкIэмкIи сомэ миллион 60 ныIэп къиныгъохэм ядэгъэзыжьын ищыкIэгъэщтыр. А мылъкур къалэми республикэми ябюджетхэм къахэкIынэу щытэп, къэзытIупщын фаер федеральнэ бюджетыр ары. ГухэкI нахь мышIэми, Iофыр ащ зэрэтетыр цIыфхэм къагурыIорэп.

**— Агъэкощыгъэхэм ястатус къэлэдэсхэм яIэ хъумэ, мы къиныгъор зэшIохыгъэным игугъапIэхэр щыIэхэу олъыта?**

— Агъэкощыгъэхэм ястатус тиIэ хъумэ, федеральнэ хабзэм Iофым ифэшъошэ уасэ фишIыным тыщэгугъы. ЕтIани зы лъэныкъо унаIэ теозгъадзэ сшIоигъу. Архивхэм къахэкIыгъэ тхылъхэм къызэрагъэлъагъорэмкIэ, къалэм ишIын зыфежьэхэм псынкIэу къагурыIогъагъ чIыпIэм гъэпсыкIэу иIэм елъытыгъэу, мыщ псэуалъэхэр щыбгъэуцухэ зэрэмыхъущтыр. Ау рагъэжьэгъахэти, къэмыуцухэу IофшIэнхэр лъагъэкIотэгъагъэх. Зашъохэрэ псыр зэрыкIощт трубэхэу чIалъхьагъэхэри асбоцементым зэрэхэшIыкIыгъэхэр хэукъоныгъэ зэрэхъугъэр къагурыIожьыгъагъ. Гъэмафэр къэсэу чIыгур къызычъэпхъыкIэ ахэр зэпыкIыкIыщтыгъэх. Джы ахэри зэблэхъужьыгъэнхэ фае. Тхьаегъэпсэу Адыгеим и ЛIышъхьэ, ащ ишIуагъэкIэ Федеральнэ программэу «Урысыем и Къыбл» зыфиIорэм тыхагъэуцуи, ащ къыхэкIыгъэ мылъкумкIэ микрорайоным пластикэм хэшIыкIыгъэ трубэхэр щычIалъхьагъэх, канализациер ашIы зэхъум хэукъоныгъэу ашIыгъагъэхэри джы дагъэзыжьых.

**— Бэмышlэу цlыфхэр зычlэсыщтхэ фэтэрхэр яшъутыгъэх. Сыдэущтэу ар къыжъудэхъугъа, а лъэныкъомкlэ сыд фэдэ хэкlыпlэха джыри жъугъэфедэнхэ шъугу хэлъхэр?**

— Зигугъу къэпшIыгъэ унэм ишIын зырагъэжьэгъагъэр илъэсий фэдиз хъугъэ. ШъуибюджеткIэ унэр шъуухыжьын фае аIуи республикэм ипащэхэм пшъэрылъ къытфагъэуцугъэти, зэрэтлъэкIэу тфэшIэщтыр тшIагъэ, квартирэ 40 хъурэ унэр фэныкъохэм атедгощагъ. ГъэцэкIэжьынхэр арашIылIэхэзэ унагъохэр ачIэхьажьхэу аублагъ. Ау джыри газыр къыпагъэнагъэп. Подрядчикэу унэр зышIыгъэм гъунэм нимыгъэсыгъэ лъэныкъо горэхэр щыIагъэхэти, къедгъэблагъи ахэр едгъэгъэтэрэзыжьыгъэх. Электрическэ гъучIычхэр зэблахъужьыгъэх, унэ кIоцIыхэм газыр арыщэгъагъэпти, ахэри ыгъэтэрэзыжьыгъэх. Джы электричествэр щыI, комиссием пае, бытовой пыдзафэхэр зыщызэхадзыхэрэ завод дгъэпсы тшIоигъоу ыуж тихьагъ. Сыфай ар къыддэхъунэу. Джащ фэдэу Вологодскэ заводэу Адыгэкъалэ предприятие щызыгъэпсыгъэм ипащэхэм гъэрекIо зэзэгъыныгъэ адэтшIыгъагъ бэдзэршIыпIэ тфагъэпсынэу. Тыфай ащ къэлэдэсхэр щыщэнхэу, ежь предприятием ипсэолъапхъэхэри щыIуигъэкIынхэу. Мы Iофыр зэшIохыгъэным пае тхылъ горэхэм къашIыпIэр зыгъэпсыщт инвесторхэм. Джащ фэдэу къэIогъэн фае IофшIэпIэ чIыпIэхэр нахьыбэ шIыгъэнхэр Iоф къызэрыкIоу зэрэщымытыр. Адыгэкъалэ загъэпсым мафэ къэс автобуси 120-м ехъу къалэм дэкIхэти, IофышIэхэр Краснодар ащэщтыгъэх, къащэжьыщтыгъэх. Джы IофшIэн зимыIэхэм япчъагъэ республикэм проценти 2,5-м щышIомыкIырэмэ, АдыгэкъалэкIэ ар проценти 3,5-м нэсы. А къиныгъом изэшIохын епхыгъэ зы щысэ къэсхьы сшIоигъу. АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатэу тиIэгъэ Бэстэ Хьисэ поселкэу Яблоновскэм дэпIэ зэтегъэпсыхьагъэ къыщызэIуихыгъ. Ащ селъэIугъ тикъалэ щыщхэми IофшIэн къаритынэу. Къэлэ гъэзетым мэкъэгъэIу къидгъэхьагъ ащ Iоф щызышIэ зышIоигъохэр зэгъэшIэгъэнхэм пае. Нэбгырэ 20 — 30 горэ фаехэу къызаIокIэ, автобус къытыригъэуцонышъ, ахэр IофышIэ аригъэщэщтых, къаригъэщэжьыщтых. ИIофышIэхэм ащ игъом лэжьапкIэр ареты, къызэрэсIуагъэу, IофшIапIэми амалышIухэр иIэх. Ари зы хэкIыпIэу лъытэгъэн фае.

**— Къыдгурэlо мылъку щымыlэу зи бгъэпсын зэрэмылъэкlыщтыр. Ар къалэм иlэным пае федеральнэ, республикэ программэ горэхэм шъуахэуцуа, бизнес цlыкlумрэ гурытымрэ хэхъоныгъэхэр ягъэшlыгъэнхэм пае лъэбэкъу горэхэр шъошlыха, гумэкlыгъоу шъуиlэхэр республикэ пащэхэм зэхашlэха?**

— Теубытагъэ хэлъэу къэсэIо тиреспубликэ и ЛIышъхьи министрэхэм я Кабинети алъэкIыщтымкIэ къогъанэ зэрамышIырэр. Илъэсэу къызэтынэкIыгъэр пштэмэ, сомэ миллиард фэдиз Адыгэкъалэ ихэхъоныгъэхэм къахагъэхьагъ. Федеральнэ программэу «Урысыем и Къыбл» зыфиIорэм къыхэкIыгъэ мылъкумкIэ къалэм ипсыукъэбзыпIэ псэуалъэ аухыгъэу электричествэм ехьылIэгъэ IофшIэнхэр агъэцакIэх. Сымэджэщыр пштэмэ, ащ къыпытшIыхьагъэу тэIоми, щытыгъэ псэуалъэм нахь ин ащ

**Илъэс благъэхэм Адыгэкъалэ бэджэндыштэхэм унитIу щашIыщт. Зыр квартирэ 52-рэ мэхъу, ятIонэрэр унэгъуи 106-м телъытагъ.**

ыуплъэкIоу хъункIэ тхылъхэм зачIатхэкIэ, унэр ттыгъэкIэ тлъытэн тлъэкIыщт. ГухэкI нахь мышIэми, тэ ащ фэдэ унэ мыгъи, къэкIощт илъэсми ткIуачIэкIэ тфэшIыщтэп. Ау бэджэндыштэхэм зыр фэтэр 52-рэ, адрэр 106-рэ хъухэу унитIу рагъэжьагъэхэшъ, ахэм гугъапIэхэр ятэпхых. Фэтэр 52-рэ хъурэ унэр бжыхьэм афэмыухмэ, гъатхэм ехъулIэу атыным тыщэгугъы. Ахэр ямылъкукIэ зышIыхэрэм сялъэIугъ, ежьхэми сыкъагъэгугъагъ осэ нахь пыуткIэ фэтэр пшIырыпшI горэ унэгъо ныбжьыкIэхэм, сабыибэ зиIэхэм аращэнхэу.

**— Адыгэкъалэ инвестициехэр щыгъэфедэгъэнхэр, бюджетым къыlэкlэхьэрэ хэбзэlахьхэм ахэгъэхъогъэныр сыдэущтэу щызэхэщагъа? Мы lофыр нахьышlум факлоу олъыта?**

— Адыгэкъалэ анахь предприятиешхоу дэтыр пынджышI заводыр ары. Ар дэгъоу зэтырагъэпсыхьагъ. Фэдэ Урысыем имытэу ары зэрэтIощтыгъэр. Банкым чIыфэу къыIахырэмкIэ заводым Iоф рагъашIэщтыгъ, хэбзэIахьхэмкIи къалэм ибюджет дэгъоу къыхэлажьэщтыгъ. Ау Iоф горэхэр зэпагъэфэнхэ амылъэкIы хъуи, предприятиер къэуцугъэгу. КъыдигъэкIырэ продукцием ибагъэкIэ ащ къыкIэлъэкIо сэнэшI заводыр. Ау а предприятиеми лицензиеу къаIихыгъэм ипIалъэ мы илъэсым еухы. ГучIбетоным хэшIыкIыгъэ пкъыгъохэр къэзышIыхэрэ предприятиеу вологодцэхэм ашIыгъэр ахэм къакIэлъэкIо. ЗыцIэ къесIуагъэхэм ыкIи нэмыкI IофшIапIэхэм зэрэслъэкIэу садеIэ, сишIуагъэ ясэгъэкIы. МыщкIэ зэкIэри зыфэкIожьыхэрэр IофшIэпIэ чIыпIэхэр нахьыбэ шIыгъэнхэр, къалэм ибюджет хэбзэIахьхэу къыIэкIахьэхэрэм ахэгъэхъогъэныр ыкIи ар ылъапсэу социальнэ Iофыгъохэр нахь дэгъоу зэшIохыгъэнхэр ары. Къалэм инвестициехэр нахьыбэу щыгъэфедэгъэнхэм иIофыгъохэр зэрэслъэкIэу зесэхьэх. ГущыIэм кIэгъэтхэгъэнхэ фаети, тиIофышIэ Москва кIуагъэ. Джащ фэдэу пивэшI завод Адыгэкъалэ щызыгъэпсы зышIоигъо инвесторхэу къэкIуагъэхэм адедгъэштагъ, техусловиехэр яттыгъэх, псыр къызыщычIащыщт чIыпIэм епхыгъэ тхылъхэм къакIагъэтхэнхэу Мыекъуапэ кIуагъэх. Ар загъэтэрэзкIэ заводым игъэпсын фежьэщтых. ЗыцIэ къесIуагъэхэм IофшIэпIэ чIыпIэхэм ахэгъэхъогъэнымкIи бюджетым мылъкур нахьыбэу къыIэкIахьэу гъэпсыгъэнымкIи гугъапIэхэр ятэпхых.

**— БэдзэршIыпIэм ехьылIагъэу къэпIуагъэм епхыгъэ упчIэ къэтымытын тлъэкIыщтэп. Непэ федеральнэ гъогубгъум Iусхэу хэтэрыкIхэр, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр, нэмыкIхэр зыщэхэрэм сатыум къыкIакIорэр ары хэкIыпIэу яIэр. БэдзэршIыпIэ жъугъэпсымэ, ахэмкIэ иягъэ къэкIощтба?**

— СэшIэ къэлэдэсхэм IофшIэн зимыIэу ахэтыр зэрэбэр, сатыум къыхэкIырэмкIэ яунагъохэр зэраIыгъхэр, якIэлэцIыкIухэр зэрафапэхэрэр, гъомылапхъэхэм, коммунальнэ фэIо-фашIэхэм ауасэхэм зэрапаIуагъахьэрэр. Тыгъэм хэсхэу ахэр мэфэ реным гъогубгъум щэщэх. БэдзэршIыпIэ тшIынэу зыкIитхъухьагъэр ахэм щэнымкIэ амалэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэм, джащ фэдэу къэлэдэсхэм ящы-

**Тызыхэт илъэсым къуаджэу Хьалъэкъуае къоджэ еджапIэ щырагъэжьэщт. Ащ проектсметэ уасэу иIэр сомэ миллиони 130-рэ. 2013-рэ илъэсым Iоныгъом и 1-м ехъулIэу ар атынэу агъэнэфагъ.**

кIэгъэщт псэолъэпхъэ зэфэшъхьафхэри чыжьэу мыкIохэу къащэфынхэ алъэкIынэу гъэпсыгъэным пае. Джащ фэдэу къэIогъэн фае щэпIэ чIыпIэм пае ахъщэу аIахырэми зэрэхэмыхъощтыр. АщкIэ сязэгъыгъ бэдзэркъыпыдгъэхъуагъэр. Ар джырэ уахътэм тегъэпсыкIыгъэ оборудованиекIэ уIэшыгъэ. ГущыIэм пае, сомэ миллион 30 зыосэ томографэу чIагъэуцуагъэм фэдэ зиIэу республикэм итыр зытIущ нахьыбэп. Джащ фэд зашъохэ-

# АФЭКIО

рэ псыр ыкIи агъэфедэгъэ псэу дагъэчъырэр зэрыкIохэрэ трубэхэм ягъэкIэжьын епхыгъэ IофшIэнхэри. Къалэм щагъэпсынэу рагъэжьэгъэ еджэпIэшхор тыухыжьыгъэ. Ащ иклассхэр иных, нэфынэх, фабэх, зэтегъэпсыхьагъэх, спортзал, шхапIэ, нэмыкIхэр хэтых. Арышъ, республикэм и ЛIышъхьэ, Премьерыр, Къэралыгъо Советым — Хасэм идепутатхэр къызэрэддеIэхэрэмкIэ, яшIуагъэу къытагъэкIырэмкIэ тхьаегъэпсэух. Тэри къэралыгъо мылъкоу Iофыгъо зэфэшъхьафхэм ахэтлъхьагъэм шIогъэ икъу къызэредгъэтыщтым тыпылъ. Къалэм ипащэу сызагъэнафэм ышъхьи темылъыжьэу, пчъэшъхьаныгъупчъэхэри хэмытыжьхэу садик горэ къытатыжьыгъагъ. ЛъэкIэу тиIэр етхьылIи, ар дэгъоу зэтедгъэпсыхьажьыгъ, кIэрэкIэ дэдэу тшIыжьыгъэ. Я 3-рэ къэлэ еджапIэр къагъэуцугъэу щытыгъэти, ащи гъэцэкIэжьыныбэ етшIылIи, Iоф ышIэу ыублэжьыгъ. ЫпэкIэ классхэр чъыIагъэхэмэ, котельнэр зызэблэтэхъум фабэхэу, уащеджэнкIэ гуIэтыпIэхэу хъужьыгъэх. КIэлэцIыкIу музыкальнэ еджапIэр общежитием ичIыунэ чIэтыгъ, Iоф щыпшIэнир къинэу щытыгъ. Культурэм и Унэ кабинетхэр къыщызэIутхыхи, еджапIэр ащ дгъэкIожьыгъэ. ТшIэ тшIоигъоу тызыпылъыр бэ. Шъыпкъэ, къэлэ бюджетымкIэ бэшхо пфэгъэхъэщтэп. Арышъ, республикэм ипащэхэр ренэу гугъапIэу тиIэх ыкIи къыддеIэх.

Хэхъоныгъэхэм ыкIи гухэлъхэм яхьылIагъэу джыри зы лъэныкъо сыкъыщыуцу сшIоигъу. ОшIэ Хьалъэкъуае административнэу Адыгэкъалэ къызэрэхиубытэрэр. Аужырэ илъэс 75-м ащ къэралыгъо учреждение закъоу щагъэпсыгъэр гъэрекIо щытшIыгъэ ыкIи тыгъэгъазэм и 31-м ттIупщыгъэ фельдшерскэ-акушерскэ пунктыр ары. Тиреспубликэ и ЛIышъхьэрэ Премьер-министрэмрэ яIэпыIэгъукIэ ар тшIынэу хъугъэ. Вологодцэхэм ар тфагъэпсыгъ. Тхьаегъэпсэух, IэпыIэгъу горэ тищыкIагъэ зыхъукIэ ахэм ренэу яшIуагъэ къытагъэкIы. Джащ фэдэу къасIо сшIоигъу а къуаджэм мыгъэ Федеральнэ программэу «Къуаджэм ихэхъоныгъэхэр» зыфиIорэм тегъэпсыкIыгъэу мыгъэ къоджэ еджапIэ зэрэщедгъэжьэщтыр. Ащ проект-сметэ уасэу иIэр сомэ миллиони 130-рэ. Мыгъэ едгъэжьэнышъ, 2013-рэ илъэсым иIоныгъо ехъулIэу ттын тыгу хэлъ. ПсэолъэшI организациеу еджапIэр зышIыщтыр къыхэхыгъэным пае тендер зэхэтщагъэ. Ащ тегъэпсыкIыгъэу зиамалхэр анахь дэгъухэу, еджапIэр нахь псынкIэу ыкIи нахь пыутэу зышIын зылъэкIыщт организациер къедгъэблэгъэщт.

**Бизнес цIыкIум пылъхэу щэпIэ, шхэпIэ, нэмыкI IофшIэпIэ цIыкIу зыгъэлажьэхэу Адыгэкъалэ щыпсэухэрэр нахьыбэ хъухэзэ, джырэ пIалъэм ехъулIэу ахэм япчъагъэ 250-м ехъугъ. Къэлэ бюджетым икъэкIуапIэхэм ахэр ахэлажьэх.**

**— Къалэм игъогухэм язытет, ахэр нахьышIу шIыгъэнхэмкIэ гухэлъэу шъуиIэхэм тащыбгъэгъозэн плъэкIыщта?**

— Къэлэ гъогухэм гъэцэкIэжьыныбэ ящыкIагъ. Къэралыгъо Советым — Хасэм идепутатхэм ахъщэ IэпыIэгъоу къытатыгъэм тэри миллионрэ ныкъорэ фэдиз хэдгъэхъожьыгъэу, къэлэ гъогухэр гъэтэрэзыжьыгъэнхэм иIофыгъохэр зетхьэщтых. ГъэрекIо «Къэлэ шъхьаIэхэр» ыIоу Урысыем программэ щагъэнэфэгъагъ. Ащ тегъэпсыкIыгъэу мылъку тIэкIу къытIэкIэхьэгъагъ, гъогухэр гъэтэрэзыгъэнхэм пэIудгъэхьэгъагъ. Къалэм иканализацие уигъэрэзэнэу зэрэщымытым ыпкъ къикIэу гъогухэм ощхыпсыр атеуцо, ащ асфальтыр псынкIэу зэщегъакъо. Ары гъэцэкIэжьыныбэ яшIылIэгъэн фаеу зыкIэхъурэр.

**— ЦIыфхэр Iофыгъо зэфэшъхьафхэм агъэгумэкIых. ГущыIэм пае, къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэр цIыфым ыгу ымыштэрэ лъэныкъохэм акIэрычыгъэхэу пIугъэнхэм, спортым, культурэм, нэмыкIхэм апыщагъэхэ шIыгъэным, цIыф дэгъухэу ыкIи обществэм ищыкIэгъэ шъыпкъэхэу къэтэджынхэм фэшI къалэм Iофыгъохэу щызешъухьэхэрэм тащыбгъэгъуазэ тшIоигъу.**

— ТикIалэхэр сыдигъокIи олимпиадэ, зэнэкъокъу зэфэшъхьафхэм чанэу ахэлажьэх, текIоныгъэр бэрэ къыдахы. Мары шахматхэмкIэ Мыекъуапэ щыкIогъэ зэнэкъокъухэм ахэлэжьэщтхэу тикIэлэцIыкIухэр защэхэм текIоныгъэр къахьыгъ. Космонавтикэм и Мафэ ехьылIэгъэ зэнэкъокъухэми ахэлэжьагъэх. Тисамбистхэм заслуженнэ мастерыцIэр къызыфаусыгъэхэр ахэтых. СикIэлэгъум сэри спортым сыпыщэгъагъ. Шъыпкъэ, джы щыIэ амалхэм афэдэхэр тиIагъэхэп, ауми волейбол сешIэщтыгъ, ручной мячым сыпылъыгъ. Арышъ, тиныбжьыкIэхэр спортым пыщагъэхэ хъуным сынаIэ тесымыгъэтын слъэкIыщтэп. Къалэм ипащэу сызыхадзым а IофшIэным фэгъэзагъэхэм пшъэрылъ афэсшIыгъагъ зэнэкъокъухэм ахэлажьэхэ зыхъукIэ яшъуашэхэмкIи, яIэпэIэсэныгъэхэмкIи анахь дэгъухэм ясатырхэм ренэу ахэтынхэ фаеу, зэнэкъокъухэм апэрэ е ятIонэрэ чIыпIэхэр къащыдэхыгъэнхэм акIуачIэ рахьылIэн фаеу. ДэхэкIаеу ар къадэхъу. СпортымкIэ амал дэгъухэр тиIэх, титренерхэми алъэкI къагъанэрэп. КъыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэр ары тикъали къэлэдэсхэри зыгъэдахэхэрэр, ящытхъу языгъэIуатэхэрэр. Зэнэкъокъу горэм хэлэжьэнхэу зыкIохэкIэ телефонкIэ сафытемыоу, ягъэхъагъэхэм сакIэмыупчIэу, агу къыдэсымыщаеу къыхэкIырэп. Санкт-Петербург зэкIохэми, тикъалэ зэнэкъокъухэр зыщэкIохэми ашхыщтымкIи, нэмыкIхэмкIи сынаIэ атезгъэтыгъ.

**Илъэс зэкIэлъыкIохэм Адыгэкъалэ IофшIапIэу дэтхэм япчъагъэ хэхъощт. ПивэшI завод, бэдзэршIыпIэ, бытовой пыдзафэхэр зыщызэхадзыхэрэ завод щагъэпсыщтых. Ахэм яшIуагъэкIэ IофшIэпIэ чIыпIэхэм япчъагъэ хэхъощт.**

**— ТекIоныгъэм и Мафэ къэблагъэ. ТэшIэ ветеранхэм уасэ зэрафэшъушIырэр, зэрифэшъуашэу а мэфэкIышхор зэрэхэжъугъэунэфыкIырэр. Мыгъэ ар сыдэущтэу жъугъэмэфэкIыщта?**

— ГухэкI нахь мышIэми, Хэгъэгу зэошхом хэлэжьэгъэ ветеранхэу, ТекIоныгъэр къытфэзыхьыгъэхэу къытхэтхэм япчъагъэ илъэс къэс нахь макIэ мэхъу. Мыщ дэжьым АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатэу тиIагъэхэр сыгу къэсымыгъэкIыжьынхэ, сызэрафэразэр ясымыIон слъэкIыщтэп. Къахэзгъэщы сшIоигъу Бэстэ Хьисэ. ТекIоныгъэр къызыдахыгъэр илъэс 65-рэ зэрэхъугъэр хэдгъэунэфыкIы зэхъум ащ ахъщэ къарити, ветеранхэм костюми, джани, цуакъи, лъэпэди, шляпи, телефонхэри гъэрекIо афэтщэфыгъагъэх. Тэри сомэ минипшI зырыз яттыгъагъ. Мэфэ благъэхэм ар къезгъэблагъэу, тиветеранхэу къэкIон зылъэкIыщтхэри къэсыугъойхэу, ащ тызэрэфэразэр етIожьы тшIоигъу. Ветеранхэм къазэрэдеIагъэм имызакъоу, къалэм икъулыкъу зэфэшъхьафхэми материальнэ IэпыIэгъу къаритыщтыгъ. ГъэрекIо къалэм культурэмкIэ и ГъэIорышIапIэ сомэ мин 250-рэ къырити, культурэмкIэ Унэм пае экранышхо къащэфыгъагъ.

**— Къэлэ бюджетым икъэкIуапIэхэр гъэтэрэзыгъэнхэм изытет игугъу къэпшIын плъэкIыщта?**

— Сэ пстэуми анахьэу сызыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэм ар ащыщ. ГъэрекIо ыпэрэ илъэсым мылъкоу къэтхьыжьыгъэм нахьыбэ къэтыугъоигъагъ. ЧIыпIэм къыщытхьыжьыщтэу мы илъэсымкIэ дгъэнэфагъэр ащи нахьыб. Ар гъэцэкIэжьыгъэ зэрэхъущтым лъэшэу сегъэгумэкIы. Шъыпкъэ, мы илъэсым Iофхэр нахь къин къэхъущтых, сыда пIомэ бюджетым икъэкIуапIэхэм инэу къахэлажьэщтыгъэ пынджышI заводыр къэуцугъ. Арэу щытми, тфэшIэщтым къыщыдгъэкIэщтэп. ЧIыгухэр зэратегощагъэхэр икъу фэдизэу тхыгъэхэпышъ, ари зэшIохыгъэн фае. Ащи мылъку къыкIэкIон ылъэкIыщт. Джащ фэдэу джыри зы лъэныкъо сыкъыщымыуцун слъэкIыщтэп, сыфай къэшъутхыщтым ар хэжъугъэхьанэу. ГухэкI нахь мышIэми, ахъщэ тиIэп аIозэ унэ-коммунальнэ фэIо-фашIэхэм ауасэхэр къэзымытхэрэр, чIыфабэ зэтезыгъэуагъэхэр къэлэдэсхэм ахэтых. Мары мэфэ благъэхэм къытфагъэхьыгъ чIыфабэ зэрэзэтеуагъэм пае газымрэ псымрэ къагъэуцущтхэу къизыIотыкIырэ тхылъ. ЧIыфэхэр сомэ миллиони 2,7-м нэсыгъэх. Къэлэ бюджетым къепхыгъэ учреждениехэмкIэ сэ чIыфэ стелъэп. Къэзымытхэрэр унагъохэр ары. КъызгурэIо зыфэмытышъуцтхэр къэлэдэсхэм зэрахэтхэр. Ау автомашинэ пчъагъэ зиIэхэу, зиунэгъо Iоф зышIэрэ, кIэлэ пчъагъэ исхэу сомэ минипшI пчъагъэхэр зэтезыгъэуагъэхэм ягупшысакIэ къызгурыIон слъэкIырэп. Псымрэ газымрэ къызагъэуцухэкIэ ыуасэ зытыгъэхэу зыгорэм ифэмыфыгъэ пае пщынэнхэ фаеу хъухэрэм агу хэкIы, къэтхьаусыхэх. Ащ зи мытэрэз хэлъэп. Коммунальнэ къулыкъухэр агъэмысэх. СэшIэ ахэм яIофшIэни щыкIэгъабэ зэриIэр. Ау уасэхэр къамытыхэрэмэ, ахэкъутыкIыхэрэр зэрэзэблахъущтхэр тыдэ къырахыщта, сыдэущтэу къащэфыщта? ЗэкIэри дэеу цIыфмэ къаIо, ау ащи нахь дэижьы хъущтых уасэхэр къызамытхэкIэ. Ар хэти къыгурыIон фаеу сеплъы. Арышъ, гъэзетым къыситыгъэ амалыр къызыфэзгъэфедэзэ, зэкIэ къэлэдэсхэм сяджэ чIыфэхэр агъэгъужьынхэу.

**— Налбый, уизыгъэпсэфыгъо уахътэ сыдэущтэу бгъакIора? УиIа ащ фэдэ амал?**

— Илъэсрэ ныкъорэ Iоф зысэшIэм зыгъэпсэфыгъо уахът зыфаIорэр сщыгъупшэжьыгъ пIоми хъущт. Сытхьаусыхэрэп, зытетыр къэсэIо нахь. IофшIэгъу ужым унэм узихьажькIэ пхъорэлъф горэ къащагъэу удэмыджэгущтмэ е гъунэгъухэм уадэгущыIэу щагум укъыдэмыкIыщтмэ, кино горэм уемыплъыщтмэ, ащ нэмыкI уахътэ IофшIэным къебгъэлыжьын плъэкIыщтэп. Ары пакIошъ, отпуск сызэкIоми сыдэсышъугъэп. Шъыпкъэ, IофшIэным кIуачIэу хаплъхьэрэр нахьыбэ хъуным фэшI зыбгъэпсэфынир зэрэнахь дэгъур сэшIэ, ау къыздэхъурэп. ГъэрекIо отпуск сызэрэщыIэу тызэдеIи ветеранхэм апае аллее дгъэпсыгъэ. Сомэ мин 230-рэ пэIудгъахьи чъыгхэр къэтщэфыгъэх, дгъэтIысыгъэх. Афганистан щызэуагъэхэм апае мемориал дгъэпсыгъэ. Джащ фэдэу уахътэр лъэкIуатэ, къиныгъуакIэу къыкъокIыхэрэм язэшIохын ренэу упылъын фаеу мэхъу. Ау сэ ренэу сызыгъэгумэкIырэр тиIофшIэн нахь дэгъоу зэхэщэгъэныр, нахьыбэу хэхъоныгъэхэр шIыгъэнхэр, цIыфхэм ящыIэкIэ амалхэм зыкъягъэIэтыгъэныр арышъ, IофшIэным уахътэу ыхьырэм сегупшысэнэу хъурэп.

*ДЭРБЭ Тимур.*

*СЭХЪУТЭ Нурбый.*

## Тыгу къинэжьыгъ

ГушIуагъорэ гукIэгъурэ къызэмыкIурэ щыIэп. ГъашIэ зиIэм лIэныгъи иI. ЛIэныгъэр гъашIэм икIэух. ГъашIэр шIукIэ ыгъэфедэнэу, ыушэтынэу Тхьэм цIыфым къыритыгъ. Непэ чIыгум утетымэ, неущ ащ учIалъхьажьыщт. Джащыгъум цIыфым сыд ытхъыгъэми, сыд фэдиз къин ыщэчыгъэми, ежь фай-фэмыеми кIэух фэхъу. Ащ шIокIыпIэ иIэп, хэти ар пыщылъ, ымышIахэуи къыфэсыщт. Упсаоу дунаим утетыфэ мылъкоу уиIэр е цIэу зепхьэрэр арэп узыгъэлъапIэрэр: шIушIагъэу уиIэр, уизекIуакI, нэмыкI цIыфхэм дэхагъэкIэ узэрапэгъокIырэр ары нахь. Джы сыкъызытегущыIэмэ сшIоигъор зидунай зыхъожьыгъэ Iэшъынэ Марыет ары.

Гъунэгъуи, гупси, Iахьыли шIу алъэгъущтыгъэ Гъобэкъуае щыпсэущтыгъэ Iэшъынэ Марыет. Ар къызытхэмытыжьыр мэфэ 40 шIэхэу хъунэу щыт. ШIукIэ, дахэкIэ утегущыIэныр къылэжьи, ащ идунай ыхъожьыгъ. ИщыIэныгъэ гъогу псынкIагъэп, ау къинэу ыпэкIэ къикIыгъэхэм зыкъаригъэуфагъэп. Адыгэ бзылъфыгъэм хэлъын фэе шэн дахэхэм сыдигъуи язехьэкIуагъ. Марыет цIыф зэхэщэкIуагъ. Къин уиIэми, хъяр уиIэми апэу къэсыщтыгъэ, тихьаблэкIэ, илIакъокIэ чIэнэгъэшхо тфэхъугъ, ау шIокIыпIэ иIэп. Марыет узыкIэ къин ылъэгъугъ. Насыпэу иIагъэр илъфыгъэхэр, инысэхэр, икъорылъфыхэр зэрэдэгъу дэдагъэхэр ары. Ахэм къагъэчэфыщтыгъ, ащыгушIукIыщтыгъ. Марыет хэти ыгу хигъэкIыгъэп, зэкIэми якIэсагъ. Нысэу зыкIэлъырысыгъэр ыпхъум фэдагъ. Яшъхьэгъусэхэм, гуащэми нысэми шIэхэу ядунай ахъожьыгъ. ЗэгурыIоныгъэ дахэ ахэлъэу ялъфыгъэхэр апIугъэх. Ныжъыр шIу дэдэ алъэгъущтыгъ. Жъым акъыл иIэ зыхъукIэ унагъор дэгъоу зэрещэ. Марыет унэгъо зещэным фэIэзагъ. Бэрэ сымэджагъэми, ынэ къызыщыплъэрэм унагъом къызэрэхэхъощтым пылъыщтыгъ.

Нэбгырэ пэпчъ бэ зэрелъытыгъэр зыдэозгъэшIэжьырэ псэлъэ зэгъэфагъэр ыIупэ Iулъэу, гугъэушъэб, ушъый гуIэт тфэхъурэ гъэретыкIэ Марыет игущыIэхэр псыхьэгъэ зэпытыгъэх. Сыдигъуи Марыет цIыфхэр шIу зэригъэлъэгъунхэм пылъыгъ, гумахэу щытыгъ. Хэтрэ цIыфи нэшIукIэ еплъызэ, дахэу, дэгъоу хэлъыр апэрапшIэ хилъэгъоныр ихэбзагъ. Ыгу зэIухыгъэу цIыфхэм зэрапэгъокIырэм къыхэкIыкIэ блэгъабэрэ нэIосабэрэ иIагъ, IокIэ-шIыкIэ дахэ хэлъэу, сэмэркъэушхори дыкIыгъоу зэкIэми зыкъаригъаштэщтыгъ. Бзылъфыгъэ бэрэчэтыгъ. Иунэ ихьэрэм дахэу къыпэгъокIыныр, ыгъэгупсэфыныр ишэныгъ.

Уилъфыгъэхэр, уикъорылъфыхэр, уинысэхэр къызэрэпфэразэхэм фэдэу, тэри тихьаблэкIэ тыпфэраз Марыет, зыдэбгъэзэжьыгъэр чIыпIэшIу пфэхъунэу тыпфэлъаIо. УишIушIагъэхэр тыгу илъыщтых. Нэбгырэ пэпчъ дунаим псапэу щишIагъэр ахърэтым къыщыIокIэжьы аIошъ, Алахьым джэнэт лъапIэр Марыет къырет. Илъфыгъэхэми, икъорылъфыхэми илъэсыбэ Тхьэм къарегъэгъашI. Тыпфэраз, Марыет, шIукIэ тыгу уилъыщт.

*СТIАШЪУ Нуриет.*

къ. Гъобэкъуай.

**УсакIоу Хьагъундэкъо Хьамедэ щыIагъэмэ ыныбжь непэ илъэс 72-рэ хъущтыгъэ**

# ИгущыIэ фабэкIэ къытхэтыщт

Сикъоджэгъугъ, мамхыгъагъ Хьагъундэкъо Хьамедэ. ЦIыф зэкIэупкIэгъэ, IэпкIэ-лъэпкIэ зэгъэзэфэгъагъ, хьарамыгъэнчъэ гушIубзыугъ, IупкIагъ, Iушыгъ, цIыф IэшIугъ.

Тызэчылагъ, ау тызэпкъыгъолэгъугъэп. Хьамедэрэ сшыпхъу анахьыжъэрэ Мамхыгъэ гурыт еджапIэм зэрэщызэдеджагъэхэр сшIэщтыгъэ, ыцIэ сыдигъуи дахэкIэ раIощтыгъэ, сэри чыжьэрыплъэкIэ къэзгъэгъунэщтыгъэ.

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, сшъхьэ хэгъэнэгъапэу сэтхэ сыщыс сшIошIызэ, теомэкъэ гупсэфэу къэIугъэм ыуж кIэкIэу итэу, сикабинетыпчъэ цIыкIуцIыкIоу къыIуихи, Хьамедэ сапашъхьэ къиуцуагъ. Сыкъызыщылъэтыгъ, сигъэгушIуагъ, Iахьылыгъэ-гупсэныгъэр къебэкIэу «мо сыкъэчIэхьагъэти сянэшым дэжь (зыфиIорэр ЛIэхъусэжъ Хьаджэрэтбый, ежь янэ ахэм япхъугъ), сшыпхъу цIыкIоу дахэу тхэрэр зэзгъэлъэгъун сIуагъэ», — ыIуи, IапIэ къысищэкIыгъ. ТызэкIэупчIагъ, тызэдыщысыгъ заулэрэ. Ащ дэжьым Хьагъундэкъо Хьамедэ иусэ тхылъхэр адыгабзэкIи урысыбзэкIи **«Аулъэ къушъхьэм ишъэф» (2006)** ыкIи ащ ыужыIоу **«Тайна Аутлевой горы»** зыфиIохэрэр къыдэкIыгъагъэх. АхэмкIэ сигуапэу сыфэгушIуагъ. Адыгэ литературэм, урыс литературэшхом афэгъэхьыгъэу зыгорэхэр къыIуагъэх, Мамхыгъэ гурыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмрэкIэ урыс кIэлэегъэджэ дэгъухэр зэрэчIэтыгъэхэм, адыгабзэмкIэ зэлъашIэрэ кIэлэегъаджэу, илъэсыбэрэ Мамхыгъэ дэсыгъэу, щыпсэугъэу, лъытэныгъэ зыфашIыщтыгъэ Пэрэныкъо Исмахьилэ игъэпсыкIэгъэ-шIыкIэхэр игуапэу ыгу къыгъэкIыжьыгъэх.

А сыхьатыпэм сикъоджэгъу Хьамедэ зинэплъэгъу бэ къыубытэу, зыгу бэ щызэпэкIэкIэу зэрэгъэпсыгъэр къызгурыIуагъ. Джа мафэм щегъэжьагъэу тызэрэшIэжьыгъэу, тхэн-гупшысэн ыкIи щыIэныгъэ IофхэмкIэ тызэIуупчIыхьажьэу къыхэкIыгъ.

Сыдигъо тыдэ ущыIукIагъэу укъилъэгъугъэми, Хьамедэ нэгуихыгъэ хьалэлыгъ, гъэпсыкIэшIуагъ. КъыIощтыри къызщиIощтыри тхыгъэу ыIыгъым фэдэу тыригъафэщтыгъ. Адыгэ гущыIакIэр къыфэпсынкIагъ, къыдэхъущтыгъ. ИкIэсагъ къуаджэмкIэ Iабэзэ, ежь икIэлэгъу лъэхъан дэсыгъэ нэжъ-IужъхэмяIоkIэ-шIыкIагъэхэм афэдэ къабзэу зыкъиушIыжьызэ (артистыгъэба) ягугъу къышIыныр, ахэм къыраIогъэгъэ, къыфадзыгъэгъэ гущыIэхэр аукъодыеу зэрэщымытыгъэхэр, гъэсэпэтхыдэ шапхъэ ищыIэныгъэкIэ зэрэфэхъугъэхэр ежь-ежьырэу ыгъэшIэгъожьыщтыгъ.

Хьагъундэкъо Хьамедэ лIыпкъым итыгъэми, адыгэмэ зэраIоу, ынэгу зэрэщытэу, ынэхэм зы сабыигъо хыягъэ горэ къачIэщтыгъ: ыгу зэлъызыIыгъ шъхьафитыр, щыIэныгъэ шIулъэгъоу зылъызыщэрэр, гъашIэр гъунэнчъэу зэрилъапIэр къапшIэу мэкъэ тIупщыгъэ IэтыгъэкIэ къыхидзэнти, ыгъэжьынчъэу иусэхэм ащыщхэм е икIэсэ усэ-кIошхо-классикхэм яехэм къеджэщтыгъ. ЦIыф зэкIоцIылъ дымыIум фэдэгъахэп, цIыф хьалэлыгъ, гу зэIухыгъэ шэныщIоу зэхэлъыгъ.

Хьагъундэкъо Хьамедэ итхыльхэм сяджагъ, иусэхэм ащыщхэр сшъхьэ къинагъэх. Ахэм икъуаджэ, ипсыхъо лъэкъопсыгъо чан цIыкIоу Фарзэ, къушъхьэхэр, мэзхэр — зэкIэ адыгэхэм ацыпэ зынэсыгъэу щытыр зэрикIасэр къащиIуагъ. ИчIыгу, ихэгъэгу, иадыгэ хэкоу хэгъэгу гъэпсыкIэр зыштэгъэ Адыгеир ыпсэм зэрэфэдэхэр къыIонэу ары къэлэмымрэ тхьапэмрэ зызкIафигъэзэгъагъэр. Хьамедэ икIэлэгъу-ныбжьыкIэгъуми усэн-зыкъэшIын шIыкIэхэр къыхафэхэу щытыгъэми, тхэным ишъыпкъэ зирихьылIагъэр анахьэу мы аужырэ илъэсипшIыр ары. А уахътэм ытхыхэрэр хеутых, итхылъхэр къыдэкIых.

Хьамедэ илитературнэ творчествэ ауми, ежь къыгъэшIэгъэ илъэс зэфэшъхьафхэм рагъэшIыгъэ гузэхэшIэ IапIэхэм къахэкIыгъэу, бэшIагъэу бгъэм щытIыргъогъэ гупшысэхэу сэ сяплъы, ыхъыкIошIы.

УсакIоу Хьагъундэкъом ыгу бэ къыщекIокIырэр: хэгъэгу шIулъэгъуи, лъэпкъ тарихъ лъачIи, адыгэм итхыди, ежь зыщыщ лIакъом къырыкIуагъи, къешIэкIыгъэ ныкъыпIагъэхэмкIэ иIэ IэшIугъэ-фэбагъи, иунагъо, ыкъом ыкъо сабый дахэу, илъэсищ зыныбжь чъыгдэчъ цIыкIоу, Хьагъундэкъо лIакъор лъызгъэкIотэщтым анэсыжьэу игупшысэ къыригъэубытыгъ. Ар зэкIэ IофшIэгъэшхоу — гум пэкIэкIыгъэ ыкIи пхырыкIыгъэ гущыI.

ЦIыфым ищыIэкIагъэм, игъэпсыкIагъэм, иунэшъо хабзэхэу зэрыгъуазэщтыгъэхэм атегущыIэгъошIоп, сыда пIомэ хэти гу зылъимытэрэ лъэныкъо зэтегъэпытыхьагъэхэри, гулъэчIэ шъэфхэри нэбгырэ пэпчъ иIэх. Ауштэу зэрэщытэ, тэ зэрэтлъэгъугъэу, зэрэтшIагъэу, шIоу ылэжьыгъэм, цIыфхэм апигъохыгъэ гущыIэ зафэм, цIыфыгъэм такъыпкъырыкIызэ, Хьагъундэкъо Хьамедэ тызэрэфыщытыр къэтэIо.

КъыхэзгъэщымэсшIоигъор гъэшIэ псынкIэ хьазыр фэныкъогъэнчъэу хэти Тхьэм къыэрэримытырэр ары. Нэбгырэ пэпчъ чIым къызытехьоу опсэуфэ пэкIэкIырэр, зэпичырэр, фэукIочIырэр, фэмыукIочIырэр бэ, арышъ, гъашIэ бгъэшIэныр, чIыжьыр плIэIукIэ ибжъукIыным фэд. Нафэ, шIэгъахэм хэти егъэгушIожьы, икъини ащкIэ егъэутэбжьэжьы.

Хьагъундэкъо Хьамедэ ежь Тхьэм къыритыгъэ илъэсхэр шIуагъэ хэлъэу зыгъэкIогъэ цIыф шIагъу. КъыгъэшIагъэм елъытыгъэмэ, ышIагъэр бэкIэ нахьыб. ЩыIэныгъэр гъунэнчъэу зэрикIэсагъэм ищыс сэнэхьатыбэу иIагъэр. **Хьагъундэкъо Хьамедэ актерыгъ, режиссерыгъ, прокурорыгъ, усэкIуагъэ.** А лъэныкъо пэпчъ, инибжьыкIэгъум къыщегъэжьагъэу, иаужырэ мафэ нэсыжьэу, Хьамедэ ыпсэ щыщ, ыгу ыщыщ, ицIыфыгъэ хабзэ щыщ ахилъхьагъ. Хьамедэ адыгэ орэдыр, адыгэ къашъор зэрикIэсагъэхэм фэдэ къабзэу иадыгабзи, илъэпкъ шэн-хабзи илъэпIагъэх.

**1957-рэ илъэсым, Адыгеир Урысыем зыхэхьагъэр илъэс 400 зэхъум,** мэфэкI концертышхоу Москва щызэхащэгъагъэм я 10-рэ классым исыгъэ Хьамедэ хэлэжьэгъагъ. Ар ищыIэныгъэкIэ мэхьанэ зиIэ лъэбэкъу хъугъэ. Къоджэ еджапIэр къызеухым, Хьамедэ Москва ГИТИС-м еджакIо кIуагъэ, игъорыгъоу искусствэ иным хэщагъэ хъугъэ. Илъэсыбэрэ Москва зыдэсыгъэ нэуж, илъэпкъ шъхьэлъытэжь къыфыригъашIэу, иадыгэ лъэпкъыкIэ зыдиIыгъ гухэлъхэр лъигъэкIуатэхэ шIоигъоу ихэку къегъэзэжьы. Лъэпкъ культурэм илъэс зэIэпытхэм чанэу Iоф щешIэ, къыдэхъурэри макIэп. Ауми ыгукIэ гупсэфыщтыгъэп, шIоигъуагъ джыри зы шIэныгъэ инкIэ, зы шIэныгъэ лъэныкъокIэ зиушэты. ДжащыгъумыкIэлэжьыгъэм, юрфакым чIэхьажьи къыухыгъ, прокурор IэнатIэр зэригъэгъотыгъ. ЫшIэрэм гухахъо хигъуатэу, илъэс пчъагъэрэ (пенсием окIофэ) Iоф ышIагъ, полковникыцIэр къылэжьыгъ. Хьамедэ икIалэхэу Заури, Казбеки юрист гъогур хахыгъ.

Хьамедэ ежь къыгъэшIагъэм зэмызэщыгъэу зыфэшъыпкъагъэр адыгэ гущыIэ къабзэу гум ифабэкIэ дытагъэр ухъумэгъэныр ары. Ащ ишыхьат 2008-рэ илъэсым иусэ тхылъэу къыдигъэкIыгъэм цIэу фишIыгъэр **«В моей душе никто не умирает».**

Ары, зыгу зэкIэ кIэзыгъэнчъэу ыштэн, ифэн ылъэкIыщтыр цIыф зэфэ хьалэлэу хьатыррэ шIушIагъэрэ зыми хэзымыгъэкIуакIэу къэзызгъэгъунэрэр ары. ИкIас усакIоу Хьагъундэкъом Дунэешхор зэрэщытэу — ичэщи, инэфи, ичъыIи, ифаби.

Сыди хэти фэхымэп, илъапI гъашIэр, фэсакъы щыIэныгъэм, «цIыфы» зыцIэр ыпсэ пишIэу, усакIом зэрэфэлъэкIэу къеухъумэ. Ыпсэ ифабэ хэти лъигъэIэсы шIоигъоу, сыда ар зымыуасэр!

Хьамедэ иусэ сатырхэр къыгъэшIэгъэ илъэсхэм ялэгъух, яшъогъух — икIэлэгъу-ныбжьыкIэгъум къыщегъэжьагъэу ылъэгъугъи, зэхихыгъи, хэт ыщэчыгъи гукIэ зэригъэуIугъэу, ышъхьэ пытэу риубытагъэм атешIыкIыгъэ сурэт IупкIэх, щыIэныгъэ пычыгъох. Джащ фэдэх **усэхэу «Сятэжъ пIашъ», «Сикъуадж», «Москва сэкIо»** зыфиIохэрэр.

Хьамедэ иапэрэ усэ тхылъэу «Аулъэ къушъхьэм ишъэф» ыкIи «В моей душе никто не умирает» зыфиIоу 2008-рэ илъэсым къыдэкIыгъэми икъу фэдизэу ащызэхэошIэ ыкIи къащыриIотыкIыгъ адыгэ лъэпкъэу къызыхэкIыгъэу, зыпIугъэм шъхьэкIэфэныгъэ-лъытэныгъэу, гукIэгъоу, шIулъэгъоу афыриIэр. Лъэпкъ тарихъыр, илIакъо фэгъэхьыгъэ пстэур гумэкI макIэм къыфыригъашIэу ешыпы, атеIабэ блэкIыгъэ лIэшIэгъухэм, тинепэрэ мафэ ылъапсэ ахэмкIэ ыгъэпытэ шIоигъу. Хьагъундэкъо Хьамедэ игулъытэ пстэуми алъэIэсы, игукIэгъу зэфэдэу хэти тырегуащэ. Ыбзэ мэбзэрабзэ, шъхьафитэу гучIэм усэр къыдэкIы. ЧIыгум ирэхьати, Хэгъэгум имамырныгъи цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм язэгурыIоныгъэ-зэрэлъытэ зэрялъытыгъэри, а зэкIэм щыIэныгъэр зэрагъэпытэри Хьамедэ тхылъым къыщыриIотыкIыгъ. Псэм ифабэ гъашIэм икIэгъэкъонэу, ар лъызгъэкIуатэу зэрэщытыр кIигъэтхъэу, «цIыфыр цIыфым ищхэпсэу» сыдигъуи къызэрэнэжьырэр ыгъэунэфэу, зышъхьамысыжьхэу шIур зылэжьыгъэхэм — КIэрэщэ Тембот, Пэрэныкъо Мурат, КIышъэкъо Алим, КIокIо Валерэ, Болэкъо Махьмуд, Сэмэгу Гощнагъо, Расул Гамзатовым, нэмыкI цIыф шIэгъуабэми афэусагъ. Ныбджэгъуныгъэ шъыпкъагъэми Хьамедэ иусэ тхылъ чIыпIэ щиубытыгъ. Игупсэхэм, ышыпхъухэм афитхылъэхэми гукъэбзэгъэ иныр, IэшIугъэ шъэбагъэр къябэкIы.

Хьамедэ сыд фэдэрэ Iоф зыфигъэзагъэми ишъыпкъэ зэрэрихьылIэщтыгъэм ищысэ къыгъэшIэгъэ илъэсхэр. ЩыIэныгъэр зикIэсэгъэ цIыфэу ар зэрэщытыгъэр а пстэумэ къагъэнафэ. Гугъэ мыпшъыжьыр арыба цIыфыр щызгъаIэрэр. Хьагъундэкъо Хьамедэ ищыIэныгъэ гъогу рыплъэжьызэ бэ гупшысэ-зэфэхьысыжьэу ышIыщтыгъэр. Джащ фэдэ уахътэ горэм шъхьэм къыридзагъ: Мыекъуапэ къыщежьэу «Мосфильмэм» нэсыжьырэ лъагъор зыфэпIощтыр. ГукъэкIыжьхэр лъапсэу зиIэ тхылъ иным Iоф зэрэдишIэрэр къыIогъагъ, ау... лъыкIэхьагъэп. Хьамедэ мыбэмэ макIэп фэукIочIыгъэр.

СтхьакIумэ ит иусэ къеджэ макъэ:

## Си Мамхыгъ

*Тхыдэжъым*
*укъысфыхэкIышъ*
*ГукIэгъур о къысэоты,*
*Тятэжъхэм уряунэжъ,*
*Сикъуаджэу, си Мамхыгъ!*
*Тыгъэр къыкъокIы ощ пай,*
*Мазэу къихьагъэр оуий,*
*Зэфагъэр о уидунай,*
*СилъапIэу, си Мамхыгъ!*

**Хьагъундэкъо Хьамедэ Ахьмэд ыкъор 1939-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 5-м къэхъугъ.** Непэ щыIагъэмэ илъэс 72-рэ хъущтыгъэ. Ар къэсынкIэ мазэ щыIэу идунай ыхъожьыгъ. Хьамедэ цIыфышIугъ, IофшIэгъ дахэ иI, игупшысэ зафэкIэ къытэтагъ, ышIэнэу ыгу хэлъыгъэри макIэп.

Къыгъэнэгъэ лъэуж дахэр илъфыгъэхэмкIи, къыткIэхъухьэрэ лIэужхэмкIи къэкIопIэшIу Тхьэм ешI.

Хьагъундэкъо Хьамедэ игущыIэ фабэкIэ, иусэ жьынчхэмкIэ, игупшысэ хьалэлкIэ сыдигъуи къытхэтыщт.

**МАМЫРЫКЪО**
*Нуриет.*





## МЭЩБЭШIЭ ИСХЬАКЪ ИЛЪЭС 80 ЗЭРЭХЪУРЭМ ИПЭГЪОКI

**МЭЩБЭШIЭ Исхьакъ**

*УсакIэхэр*

### ЛЪЭПКЪ ШIЭЖЬЫР АДЫГЭМ ЕРЭI

*Сижъышъхьэм, сидунай хъожьыгъом
Сыд гущэр осIон, адыгэ мыгъу?
Тэ шъозэбэным, хьэзэрэшх шъугъом
Тызэдыхэтышъ, тызэдэмыхъу.*

*ТыцIыф лъэпкъыбэу лъэпкъ тымыхъугъэу
Тыпэрытыным зэкIэ тыфай.
ТызэфычIэплъзэ, тыгу зэфэмыгъоу
Зэфилъ-зэрэлIэкIэ тыIаз, тыжай.*

*Дунэе нэфым ичI къопэ дахэр
Тхьэм къызытетым, сыд щыдгъэхъагъ?
ЛIыгъэм зедгъэхьзэ, тилIыгъэ нахэ
ШъорышI-нэшIошIым едгъэлъэхъагъ.*

*Джа псэлъэ гуаор сыжэ къыздэкIрэм
Сыбзэгу сэр-сэрэу лыгъэр есэдзы.
Уакъылынчъэу шыр къызепфэкIрэм
Ныбэпх зэпычым уанэм уредзы.*

*Зэзэгъыныгъэр, зэгурыIожьыр
Зыхэмылъ лъэпкъыр лъэпсэ пытэщтэп.
ЗэфычIэтIэныр, къэIорэ-Iожьыр
Зилъэпкъы узым бэ къыгъэшIэщтэп.*

*Улъэпкъ зырызэу, узэпэIапчъэу
ЧIылъэм утеткIэ сыдыр ишIуагъ?
Къыддэмыхъугъэм тыфэIупчъапчъэу
Хэгъэгу бгынэныр тшъхьэкуцI щыжъуагъ.*

*ТичIыгу бгынагъэ къинэгъэ тIэкIур
Псы пхъэчаишхом ищыгъу-щыгъунчъ.
Хэгъэгур тиIэу, тIыгъэу утыгур
ДжыркIэ тэпсэуми, тылъэпкъ гугъэнчъ.*

*Сыда тарихъым тыщашIэжьынэу
Тэ къытхэнагъэр? Шъхьафит кIэхъопс.
Сыда адыгэм уз мыхъужьынэу
ИгъашIэ хэлъыр? ГукIэе гъопс.*

*Имыгъоу чъыгым ылъапсэ къегъумэ,
Ар мэкIэ-макIэу щытзэ, мэгъужьы.
Адыгэм шIэжьыр имыIэ хъумэ,
ЩыIэгъэ папкIэу ятIэ мэхъужьы.*

*Тэ непэ зыми тырищыкIагъэп,
ТIэгушъо дагъэмэ, тшъхьэ щытфэжьын.
Ау лыгъу-лыстым тигъэпIыкIагъэп,
Лъэпкъ шIэжькIэ адыгэм зедгъэшIэжьын.*

### ТЫАДЫГ

*ТыкIэмгуеп, тыбжъэдыгъоп,
Бэслъыныеп — тыадыг.
Тыабдзахэп, тышапсыгъэп,
Къэбэртаеп — тызычъыг.*

*ТызылъэпкъэУ тыпшIыкIутIуми,
Адыгабзэр тIулъ, тымакъ.
Лъэпкъ зэхэдзыр тIупэ Iулъми,
ЗэдэтIыгъыр зы быракъ.*

### ЩЫМИ КЪЫТЭДЖАГЪЭР ТИШIУЛЪЭГЪУ

*Сызтет лъагъом сыгу телъэти,
Ошъогу къаргъом ибыбагъ.
Спсэ ар дэдэм сIэпылъэти,
Лъэтемытэу зипхъотагъ.*

*Сыда тищи къытщышIыгъэр,
Щыми псэкIэ тызэлэгъу.
ТэкIо, тэчъэ — тшIэрэп пшъыгъэр,
Къытэджагъэр тишIулъэгъу.*

### ПЛЪЭПКЪ ЩЫБГЪЭIЭЩТМЭ, УЗТЕМЫГЪЭЖЬ

*Тызфэсакъыжьми, тиадыгагъэ
ЗэрэтIэкIэзрэм тегъапэ,
ТпэкIэкIыгъэ лIэшIэгъумэ япхъапэ
Тыбгъэ къыхао, къытхагъэ.*

*ЛIыгъэр, шъхьэфитыр дгъэбыракъзэ,
«УлIын-улIэныр» дгъэджэмакъзэ,
Къэмэ къипхъотмэ тагъэделагъ,
ТишъорышIыгъи теунэхъулIагъ.*

*Тарихъыр дгъэмысэкIэ, дгъаекIэ,
Тынахи ащ фэдгъэIаекIэ,
Хъущтыр хъугъахэу, сыд ишIогъэжь?
Плъэпкъ щыбгъэIэщтмэ, узтемыгъэжь!*

### СИТАРИХЪ ЛЪАГЪО СЫТЕГЪОЩЫХЬЭ

*Сылъэпаомэ-сыкъэтэджыжьзэ,
Сызыдежьагъэм сыд къыщыспыщылъ?
ГуIэм сиухзэ, сицуакъи здыжьзэ,
Сызхэт дунаир кIымэфэ щыл.*

*Осхъот утысэм ишысэку фыжьы
Жьыбгъэм зэрехьэ, сызэIурегъахьэ.
Сионэш Iэли мачъэ, мэщыщы,
Сшъхьэ мэуназэ, сыгу зэIурегъахьэ.*

*Iахьылы-благъи сиIэгъо-благъо
ЩысимыIэжьэу сыкъэгъэзэнчъ.
Сытегъощагъэу ситарихъ лъагъо
КъысэхьылъэкIми, сэркIэ ар псэнчъ.*

### ЩЫIЭНЫГЪЭР ХЪОХЪУ НЭШIОШI

*Хьыны-хьылъэу тызгъэстхъагъэр
Тфэзылъэгъурэм тфегъэшIагъо.
Типшъэхъу лъэхъоу тызлъэхъагъэр
Псыгъо тIозэ, хэтэгъахъо.*

*Сыдэу тшIыщта, щыIэныгъэм
Имысагъэм гъэр тишIыгъ.
ТимычIыфэу тэ тпщынигъэм
ГукIи псэкIи тигъэпшъыгъ.*

*ЩыIэныгъэр мые мыхъоу
Дыджми, тэшхы — ежьми тешхы.
Ешхэ-ешъом зи щымыхъоу
Хъохъу нэшIошIыр тэ къытфепчъы.*

*ТигъэшIапчъэ пчъэ зэIукIышъ,
Ащи Iаджи щэхъу, щэшIэ.
Щхызэ гъашIэм къытеIокIы:
«ШъуцIыф шъэфми, бэ жъудэсэшIэ».*

### САУЖ УИТКIЭ СЫД УФИТА

*Сызэмыжэ-сызэжагъэу,
ИлъэсыкIэр, укъихьагъ.
Къэпхьи, пшэхъо зэхэпшагъэу
Гугъэ дзыор сплIэIу къиплъхьагъ.*

*Ар сфэхьыщта-сфэмыхьыщта?
Ощхми, сыдкIэ уигъэпэн.
СэкIо, сэчъэ, себэджыщта?
Сызытетыр гъогу къурпэн.*

*Илъэс тхьапша къэзгъэшIэнэу
Сигъогу гъашIэ еппэсыгъэр?
Къэмылъыт ар зэбгъэшIэнэу,
Илъэс мафэу къысфэсыгъэр.*

*СэкIо, сэчъэ, сэпскэ, сэгъы,
СызэплъэкIмэ, сауж уита?
КIым сыхэкIы, санэIу сэхъы,
Сауж уиткIэ сыд уфита?*

### НЭМЫПЛЪ НЫБЖЬИ КЪЫОСХЫНЭП

*Угу къысэгъуми-къысэмыгъуми,
ЩыIэныгъэр, зэ къэдаIу.
Сыгу илъыбэр къыздэмыхъуми,
Къыздэхъугъэп сэмыгъаIу.*

*КъэIо-Iожьыр згъэстырыжьэу
ЩыIэ пстэуми, сямыгъапш.
Псэлъэ дыджыр зыдырыжьэу
ПшIэрэм итхьацу сэмыгъапш.*

*Тхьапшрэ гъашIэр, гъашIэр, гъашIэр,
ЗэшIэгъуаеу сыбгъэпчъагъа?
Сыд фэдизэу узми слъапшъэ
Узрэп сIозэ, сыбгъэчъагъа?*

*ЩыIэныгъэр сэркIэ къинми,
Нэмыплъ ныбжьи къыосхынэп.
Сэ сигъашIэ лъэгъо минми,
НэмыкI сешэу зэхэпхынэп.*

### ИЛЪЭСИШЪЭР ГУГЪЭ ШЪЭФ

*Илъэсишъэу сызпэчыжьэм сынэсына?
Сыдэу щхэны мы сипшысэ.
Ащ фэдизым гъэшIэ машIом сэ систына?
Щхэны-гъэны сигупшысэ.*

*Сыд узфэщхрэр? Сигухэлъы сфыхэт къушъхьэр
Чыжьэу ара, хьауми сыда?
Е ар сэркIэ хьэжъ нэцIалэу лынчъэ къупшъхьэр
Ащ фэздзынэу къыспыщыта?*

*Сыдэу адэ цIыф гухэлъэу гугъэ лъагъор
Дунай хьылъэм щыб, щымакI.
Илъэсишъэу сызкIэхъопсрэр муары благъэ
СIозэ, сэщхмэ — сылIы закI.*

### ШIУЛЪЭГЪУ ПХЪУАНТЭМ ИIУНКIЫБЗЭ КЪЫОСЭТЫЖЬЫ

*Сыда сэ гъунджэм сиплъэжькIэ,
Жъы сыхъугъэ-сымыхъугъ.
Уигъэпэнэп сынитIу плъыжькIэ,
Сыгу пфилъри къыздэмыхъугъ.*

*СыкъызэплъэкIмэ — услъэгъурэп,
ШIулъэгъу машIор мэкIуасэ.
Ситыгъуаси сэ сылъыхъурэп,
Чэрэз мыхъуми сехъуапсэ.*

*Хъопсэгъо гъожьми зепхъуатэ,
Сыздэт хъотачIэр шIункIыбз.
ШIулъэгъу дэлъыжьэп сипхъуантэ,
Къыостыжьрэр иIункIыбз.*

### ПЧЫКIЭ КЪАМЫЩЫР ШIУМ ХЭДГЪЭЩЭН

*Лъэхъан блэкIыгъэм тылъымыплъэжьэу
Къылъфыгъэ уахътэм тыдэгущыIэ,
ТищыIэныгъэ къыпымылъыжьэу
Джа тфыIучъыжьрэм ичъи тэщыIэ.*

*Сыда отшIагъэр, сыд къытэпшIагъэр,
ТилIэшIэгъу мафэу, тилIэшIэгъу мыгъу?
Зы уахъти титIо тызыкIэшIагъэр,
ГъашIэмкIэ тIуми тызэдэмыхъу.*

*Дунэе хьафым тытетэу тIозэ,
ЧIыныбэр тэтIы — тызэтегъожьы.
Гъощэгъэ лъагъом тетщагъэр кIозэ,
ТедгъэгушIухьэмэ, тигугъи гъожьы.*

*Жьыбгъэр къебгъапщэу, пщэри къепщэхэу
ХыхыхкIэ, уахътэр, тымыгъэщын.
Ощх фэбэ-шъабэр бэрэ къытфещхэу
ПчыкIэ къамыщри шIум хэдгъэщэн.*

### ТИТIУКIЭ АРИ ГУГЪЭ ДЖАГЪОП

*Сыда модэ чIы гъунапкъэм
ТызынэскIэ, щытлъэгъущтыр?
Титхьалэщтмэ гугъэ закъом
Хэт ащ гъусэ щытфэхъущтыр?*

*Хъущт-мыхъущтым изылъахъэ
ТэркIэ лъахъэ орэмыхъу.
Аущтэу хъумэ, тызтет лъагъор
Тызгъэохъурэм фэрэмыгъу.*

*Гъусэ-лъэскIэ тызэдэхъумэ,
Тыздежьагъэу къытэджагъэр
Чыжьэп, благъэп, тымыдэхъумэ,
ТитIукIэ ари гугъэ джагъоп.*

### СЭЗЭЩЫ, СЭПЭ

*Тыжьын Iэлъынри
СIапэ къыпэщы,
ПэIо щылъэнри
Сэ къысэзэщы.*

*Сыд сэIо непэ
КъысэхъулIагъэр?
Сэплъызы, сэпэ,
Сэра лъэхъагъэр?*

*Чыжьэуи сэплъэ,
Благъэуи сэлъэ.
Сигугъи макIэ,
Сигъунджи мачэ.*

*СиIэгъо-благъо
Ухэсэлъагъо.
Сынэгу укIэкIы,
Сыгу уIэпэкIы.*

### СЫПФЭРАЗ, УСИКIАС

*УиIоф дэгъумэ,
ШIу къыбдэхъумэ
СэгушIо, хэгъэгур,
Бгъэгум щэчэфы гур.*

*Iэгу сыпфытео,
Пщынэ сыпфео.*

*УшIу-умышIуми, усый,
КъыпфэгуитIури сипый.*

*Егъэхъу, лъыкIуат,
Ем фычIэкIуат.
Ным уфэсэгъадэ,
УишIушIи сегъатэ.*

### СЭ СЫМАКЪА МО ПСЫХЪО НЫДЖЫМ ФЫЗЭЩЫМЫЧРЭР?

*Къушъхьэха, псыхъоха, лъэмыджха?
Чыжьэ-мычыжьэм сыщыI.
Синэшхъэйхэр джыри мыджырха?
Джаущтэу сыщыI-сыщымыI.*

*IитIур сэIэтми, сытэмэнчъэу
Чъэп къехыгъакIэм сыхэт.
СылъэпцIэ-пцIанэу, сыгугъэнчъэу
ЧIылъэм сытетмэ, сыхэт?*

*Хэта мо къушъхьэм, мо лъэмыджым
ДэмыкIое-имыкIрэр?
Сэ сымакъа мо псыхъо ныджым
Джыри фызэщымычрэр?*

ИСКУССТВЭМРЭ НЫБЖЬЫКIЭХЭМРЭ

# ЯкъашъохэмкIэ ямэфэкI агъэдахэ

**КIэлэцIыкIу къэшъокIо ансамблэу «Мыекъуапэ инэфылъэхэр» зызэхащагъэр илъэс 20 хъугъэ. Ащ фэгъэхьыгъэ юбилей пчыхьэзэхахьэр «Налмэсым» и Унэ щыкIуагъ.**

**Адыгэ Республикэм культурэмкIэ иминистрэ иапэрэ гуадзэу Нафиса Васильевар, Мыекъуапэ иадминистрацие ипащэ иапэрэ гуадзэу Аулъэ Юрэ, къалэм иадминистрацие культурэмкIэ игъэIорышIапIэ ипащэу Цэй Розэ, «Мыекъуапэ инэфылъэхэм» ыкIи ансамблэу «Налмэсым» яхудожественнэ пащэу Къулэ Мухьамэд, нэмыкIхэри зэхахьэм къыщыгущыIагъэх.**



«Мыекъуапэ инэфылъэхэм» илъэс зэфэшъхьафхэм хэтыгъэмэ ащ щыраIуагъ, щытхъу тхылъхэр, нэпэеплъ шIухьафтынхэр аратыжьыгъэх. Концертым къэшъокIо купхэр хэлэжьагъэх. «Мыекъуапэ инэфылъэхэм» яныбджэгъушIоу Апэнэс Астемыр Москва къикIи, юбилей зэхахьэм орэдхэр къыщиIуагъэх. Ансамблэм ыпIугъэхэм ащыщхэр юрист, врач, орэдыIо хъугъэх. Быщтэкъо Азэмат илъэс 12 «Мыекъуапэ инэфылъэхэм» къащышъуагъ, Къыблэ шъолъырым щашIэрэ орэдыIу. Азэмати зэхахьэм къыщыгущыIагъ, орэдхэри къафиIуагъэх.

Пчыхьэзэхахьэр гъэшIэгъоны къэзышIыгъэр неущ ансамблэм къыщышъощтхэр пчэгум къихьэхи, яIэпэIэсэныгъэ къызэрагъэлъэгъуагъэр ары.

ФУТБОЛ. УРЫСЫЕМ ИЗЭНЭКЪОКЪУ

# ЕшIэгъум упчIэр къыхэкIы

**«Зэкъошныгъ» Мыекъуапэ — «Славянский» Славянск-на-Кубани — 1:1.**

**ЖъоныгъуакIэм и 3-м Мыекъуапэ щызэдешIагъэх.**

**Зезыщагъэхэр: С. Погарченко — Шахты, Р. Дудов — Кисловодск, П. Егоров — Ростов-на-Дону.**

**Къэлапчъэм Iэгуаор дэзыдзагъэхэр: Хьабэчыр — 31 (пенальтикIэ) — «Зэкъошныгъ». Колпаков — 78 — «Славянский».**

ЕшIэгъур зэрэкIуагъэр зэфэпхьысыжьмэ, командэхэр илъэс зэнэкъокъум икъоу фэхьазырхэп. «Зэкъошныгъэр» бэрэ ыпэкIэ илъыщтыгъ, ау къэлапчъэм Iэгуаор дидзэн ылъэкIыщтыгъэп. Къэлэпчъэ бгыкъум Iэгуаор тифутболистхэм ащыщ тыригъэфагъ. А. Датхъужъыр, А. Нартиковыр, нэмыкIхэри текIоныгъэм фэбэнагъэх шъхьае, тагъэгушIон алъэкIыгъэп.

ХьакIэхэр дэеу ешIагъэхэп. Командэр ауж къинэрэмэ ащыщ мыхъущтэу зыкъигъэлъэгъуагъ. Пчъагъэр зэфэдэу зэраухыгъэм тигъэгумэкIэу пресс-зэIукIэм тыкIуагъ.



## Пресс-зэIукIэр

— ТекIоныгъэм тэ нахь тыпэблэгъагъ, — къыIуагъ «Славянскэм» итренер шъхьаIэу Эдуард Саркисовым. — Мыгъэ пшъэрылъ шъхьаIэу тиIэр апэ ит командипшIмэ тахэфэныр ары. «Зэкъошныгъэм» бэшIагъэп зызиугъоигъэр, командэм ущыгугъыным пае уахътэ ищыкIагъэу сэлъытэ. Кобл Анзор дэгъоу сэшIэ. Тызэгъусэу «Черноморец» Новороссийскэ тыщешIэщтыгъ...

— ЕшIэгъум хэдгъэлэжьэщт футболистхэр тфикъухэрэп, — къытиIуагъ Кобл Анзор. — Васильскиныр сымаджэу зэIукIэгъум хэдгъэлэжьагъ. Нартиковыри сымадж, ешIапIэм къихьанэу тыщыгугъыщтыгъэп. НэмыкI футболистхэу ешIапIэм къисымыгъэхьагъэхэм яшIуагъэ къагъэкIон, зэIукIэгъур нахь гъэшIэгъон ашIын алъэкIыщтыгъэу слъытэрэп. ТиухъумакIохэр хэукъохи, хьакIэмэ тикъэлапчъэ Iэгуаор къыдадзагъ.

Кобл Анзор зэрилъытэрэмкIэ, бэкIэ зыщыгугъырэ футболистэу «Зэкъошныгъэм» хэтыр макIэ. Тикомандэ пшъэрылъэу иIэр ыгъэцэкIэным пае футболисти 5—6 къырагъэблэгъэн фае. «Зэкъошныгъэм» непэ футбол гъэшIэгъон къыгъэлъэгъон, апэ итхэм ахэуцон ылъэкIыщтэп. Мэзищ зытешIэкIэ зэхъокIыныгъэхэр командэм иешIакIэ фэхъущтых...

Купым хэтхэр зэрешIагъэхэр: **«Алания-Д» — «Энергия» — 3:1, СКА — «Мэщыкъу» — 1:0, «Динамо» — «Торпедо» — 4:3, «Олимпия» — «Митос» — 4:0, «Ангушт» — «Астрахань» — 0:1, «Биолог» — «Кавказтрансгаз» — 0:0, «Ротор» — «Таганрог» — 1:0, «Дагдизель» — «Фаюр» — 0:2.**

**ЧIыпIэхэр зэтегъапшэх**

**1. «Астрахань» — 9**
**2. «Ротор» — 7**
**3. «Алания-Д» — 6**
**4. СКА — 6**
**5. «Славянский» — 5**
**6. «Фаюр» — 5**
**7. «Биолог» — 5**
**8. «Кавказтрансгаз» — 5**
**9. «Олимпия» — 4**
**10. «Торпедо» — 3**
**11. «Мэщыкъу» — 3**
**12. «Динамо» — 3**
**13. «Таганрог» — 3**
**14. «Дагдизель» — 3**
**15. «Митос» — 3**
**16. «Зэкъошныгъ» — 2**
**17. «Ангушт» — 0.**

ЖъоныгъуакIэм и 8-м Урысыем футболымкIэ и Кубок къыдэхьэгъэным фэгъэхьыгъэ ешIэгъухэр щыIэщтых. «Зэкъошныгъэр» тикъалэ щыIукIэщт командэу «Биологым».

Сурэтыр **«Зэкъошныгъэмрэ» «Славянскэрэ» язэIукIэгъу къыщытырахыгъ.**

ГАНДБОЛ. СУПЕРЛИГЭР

# «Динамэр» нахь лъэш

**«Адыиф» Мыекъуапэ — «Динамо» Волгоград — 19:37 (10:19, 9:18).**

**Мэлылъфэгъум и 30-м Мыекъуапэ щызэдешIагъэх.**

**Зезыщагъэхэр: Р. Ханмагомедов, А. Будагов — тIури Краснодар.**

**«Адыиф»: къэлэпчъэIутхэр: Кожубекова, Изюмская; ешIакIохэр: Мартыненко, Романенко — 2, Еремченко, Гусакова, Гарбуз — 6, Ускова — 3, Чурбанова, Сысоева — 2, Суханова — 2, Гопиенко, Дьякова — 1, Куцевалова — 1, Малхозова, Исаченко — 2.**



«Адыифыр» «Динамэм» дешIэ.

«Динамэр» Урысыем ичемпион, мыгъи дышъэ медальхэм афэбанэ. Хэгъэгум ихэшыпыкIыгъэ командэ хэтэу, къэлэпчъэIутэу Анна Седойкинам къызэрэтиIуагъэу, ащ фэдэ ешIэгъухэри гъэшIэгъоных. Ары. КIэлэцIыкIухэр бэ хъухэу зэIукIэгъум еплъыгъэх, зэнэкъокъур заухым спортсменкэ цIэрыIомэ агоуцохэзэ нэпэеплъ сурэтхэр атырахыгъэх.

Бысымхэр хьакIэмэ зэратемыкIощтхэр тшIэщтыгъэ. Ар къыдэтлъытагъэми, тикомандэ нахьыбэкIэ тыщыгугъыщтыгъ. Дунаим ичемпионкэу Яна Усковам «Адыифым» къыгъэзэжьыгъ. Ау а мафэм Анна Игнатченкэр ешIагъэп зэрэсымаджэм къыхэкIэу, ари дунаим ичемпионк.

Ухъумэн Iофыгъохэр тиспортсменкэмэ дэеу агъэцэкIагъэх. Екатерина Сухановам, Яна Усковам, Мария Гарбуз уащытхъунэу ешIэхэу уахътэ къыхэкIыгъэми, «Динамэм» фэдэ командэ лъэшым «Адыифыр» мы илъэсым текIон зэримылъэкIыщтыр тэшIэ.

ЖъоныгъуакIэм и 8-м «Адыифыр» «Динамэм» Волгоград щыIукIэщт. Бысымхэм текIоныгъэр къызыдахыкIэ финалныкъом хэхьащтых, медальхэм афэбэнэщтых. «Адыифыр» я 5 — 7-рэ чIыпIэхэм якъыдэхын хэлэжьэщт.

*НэкIубгъор зыгъэхьазырыгъэр ЕМТIЫЛЪ Нурбый.*

**Зэхэзыщагъэхэр:**
Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкIырэр:**
Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет
Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаIэр**
**ДЭРБЭ ТИМУР**

**Редакцием зыдэщыIэр:**
385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:**
приемнэр: 52-16-79,
редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44,
редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:**
**adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:**
Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр
**ПИ №10-3892**

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкIэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкIыжь ахьы. Къатхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкIэ зэтемыфэн ылъэкIыщт. Гъэзетеджэхэм къытфагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкIи къэзытхыгъэхэм аIэкIэдгъэхьажьыхэрэп.

**Зыщыхаутырэр**
ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр**
**4285**
**Индексхэр**
**52161**
**52162**
**Зак. 1266**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр
Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр
Сыхьатыр 18.00